ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№123-124 (23.532) ● 2017 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 1, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и Президент Путин Владимиррэ Беларусь Республикэм и Президент Лукашенкэ Александррэ Урысеймрэ Беларусымрэ я щІыналъэхэм я еплІанэ зэхыхьэшхуэм хэтащ

Мыгъэрей зэхуэсыгъуэр трауху щ технологие лъагэхэм, инновацэхэм, информацэм я Іэнатіэхэм хиубыдэ щІыналъэ зэхуаку кооперацэм зегъэужьыным.

ПЛЕНАР зэІущІэм апхуэдэу щІэсащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэрэ Беларусь Республикэм и Лъэпкъ Зэхуэсым Республикэмкіэ и Советым и Унафэщі Мясникович Михаилрэ.

Зэхыхьэшхуэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советымрэ Беларусь Республикэм и Лъэпкъ Зэхуэсым Республикэмкіэ и Советымрэ я нэІэм щІэту Москва щрагъэкІуэкІащ мэкъуауэгъуэм и 29 - 30-хэм.

А зэхыхьэшхуэм и пленар зэІущІэм УФ-м и Президент Путин В. В. къыщыпсэлъар ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэм тетынущ.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Матвиенкэ В. И., Беларусь Республикэм и Лъэпкъ Зэхуэсым Республикэмкіэ и Советым и Унафэщі Мясникович М. В. сымэ дыгъуасэ къыз эІуахащ Урысеймрэ Беларусымрэ я щІыналъэхэм я еплІанэ зэхыхьэшхуэм и пленар зэІущІэр. Абы хэтщ Къэбэрдей-Балъкъарым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А.

«Ди къэралхэр нэхъри нэхъ быдэу зэкъуэузэнымкіэ мы зэхуэсышхуэм иІэ мыхьэнэм гъэ къэс хохъуэ. Ар сэбэп мэхъу Евразие щІыналъэм зэпІэзэрытныгъэр щыгъэбыдэнымрэ социально-экономикэ зыужьныгъэр щыщІэгъэхуэбжьэнымкіэ. Апхуэдэу щІыналъэхэм я зэдэлэжьэныгъэм зеубгъу, зэхыхьэшхуэм кърихьэлІэхэр нэхъыбэ мэхъу. А лэжьыгъэм зэфІэкІышхуэ ирахьэлІэ къэралитІым я парламентархэм, - жиІащ Матвиенкэ Валентинэ.

МЯСНИКОВИЧ Михаил пщІэшхэ хуищІащ мы зэхыхьэшхуэм хиубыдэ гупхэм нэхъ япэкІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм. «Ди дежкІэ икъукІэ лъапІащ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэмрэ Беларусь Республикэм и областхэмрэ дзыхьышхуэ зэхуащІу зэрызэдзлажьэр», - къыхигъэщхьэхуэкІащ абы.

Урысеймрэ Беларусымрэ я парламентхэм я палатэ нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэр щІыналъэхэм я лІыкІуэ гупхэм я Іэтащхьэхэм яхуэзащ. Федерацэмкіэ Советым и Унафэщіым псори къыхуриджащ ди къэралымрэ Беларусь Республикэмрэ иужьрей илъэсхэм зэращІыпІа загурыІуэныгъэхэм гулъытэшхуэ хуащІыну икІи а документхэм къагъэувэкр гъэзэщІэнымкіэ зыхуэфащэ Іуэхуэр зэфІагъэкІыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Щоджэн Щ. Хь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхуі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм ильэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщІалажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Щоджэн Щыхьым Хьэталий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущІапІэм и унафэщІм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м
№95-УГ

Кавказ Ищхъэрэр мамырыгъэмрэ хабзэмрэ я щІыналъэу щытын хуейщ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэр федеральнэ округым щыІэм и Іуэхущ Іапі эу Пятигорск къалэм дэтым иджыблагъэ щекІуэкІащ округым и Жылагъуэ советым и хэхыгъуэу 2017 - 2019 гъэхэм лэжьэнымрэ я лэпэ зэІущІэр.

СОВЕТЫМ хэтхэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэр федеральнэ округым щыІэ Белавенцев Олег.

«Советым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ властымрэ нэхъ быдэу зэпыщІэныр. Апхуэдэ лэжьыгъэм и купщІэр Кавказ Ищхъэрэр мамырыгъэм, хабзэм, зэпІэзэрытныгъэм, зыужьныгъэм я щІыналъэ щІынырщ», - жиІащ полномочнэ лІыкІуэм.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я иджыпІэ зыужьыкІэм, Кавказ Ищхъэрэм щыІэ жылагъуэ-политикэ щытыкІэр хъумэныкІэ дин зэгухьэныгъэхэм я кабгъэдэхэхэм.

Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэт ЛІыс Азэмэт зэІущІэм къыщыІуитэжащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм и зэхуэсыгъуэщІэм хэтхэм УФ-м и Президент Путин Владимир зэрахуэзар. Абы утыку кърилъхьащ округым щыІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зегъэужьыныныкІэ, ахэр хабзэншагъэхэм нэхъ ткІийуэ япэщІэтыныныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэу къилъытэхэр.

Ставрополь крайм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Кашурин Николай хэхуэу тепсэлъыхьащ а щІыналъэм щыІэ жылагъуэ советхэм я лэжьэкІэм, зэкІэ Іуэхур нэхъ къэзыгъахъэу къилъытэхэм. Къапщтэмэ, абы зэрыжиІамкІэ, министерствэхэм, муниципалитетхэм я деж къыщызэрагъэпэщ жылагъуэ советхэм я нэхъыбапІэр къулыкъущІэу, депутату щыщыт щыІэщ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр Іуэхум зыкІи къезэгъыркъым.

ЗэІущІэм къыщІэта Іуэхухэм езыхэр зэреплъыр жаІащ Пятигорск дэт къэрал университетым Къэрал-дин зэпыщІэныгъэхэмкіэ и институтым и унафэщІ Ибрагимов Ибрагим, УФ-м и Президентым и деж Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зегъэужьыным, щІыхум и хуитныныгъэхэмкіэ, лъэпкъ Іуэхухэмкіэ щыІэ советхэм хэт Шевченкэ Максим, Ставрополь щІыналъэм щыпсэу лъэпкъэм я «Кавказым мамырыгъэ щыІэн папщІэ» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Омаров Абдула, Ингуш Республикэм, Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм я жылагъуэ палатэхэм я унафэщІхэу Дзагиев Мовлат-Гирей, Молдобановэ Верэ, нэгъуэщІхэри.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэр федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Гу зылъытапхъэ

«Арт-экспресс. Кавказым и гъэгугхэр» гъэлъэгъуэныгъэ

Сурэт гъуэзджэмкіэ Налшык дэт музейм. Ткаченкэ А. Л. и цІэр зезыхьэм, мыгувэу къ ы щ ы з э І у а х ы н у щ «Арт-экспресс. Кавказым и гъэгугхэр» гъэлъэгъуэныгъэр.

МУЗЕЙМ утыку къыщрахьэнущ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм я художникэм яІа сурэтхэр, графикэр, скульптурэр.

Гъэлъэгъуэныгъэр бадзэуэгъуэм и 3-м къызэІуахынурэ щыщыкъуэІум и 3-м нэсыху лэжьэнущ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● КъБР-м и Парламентым

Гъатхэ лэжьэгъуэр яухащ

КъБР-м и Парламентым и гъатхэ лэжьэгъуэм хиубыдэу иужьрейуэ екІуэкІа зэІущІэм депутатхэр Іуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъащ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.

ЗэІущІэр къызэрызэІуахар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхъэм я хуитныгъэхэмкіэ уполномоченнэ къулыкъыр иджы ещанэ хэхыгъуэу Зумакулов Борис къызэрыхуагъэнэжарщ. «Зумакулов Борис сыт хуэдэ Іэнатіэ льаг э имыныгъами, сыт щыгъуи щІыхум ягъунэгъуу, щІэгъэкъуэн яхуэхъуу къекІуэкІащ. ЗэрыфщІэжщи, ар ВПКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь, Пионер зэгухьэныгъэм и Совет Нэхъыщхьэм (Москва) и унафэщІм и япэ къуэдзэу щытащ, Афганистаным политикэ чэнджэщэгъуу щылэжьащ, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкіэ и министр къулыкъуэр иІыгъащ. Сыэзерелъымкіэ, и щыхуГъэкІи Іуэху зехьэкІэкІи а къулыкъур абы нэхъ зыхуэфащэ щыІэкъым», - жиІащ «Захуагъэм тет Урысей» фракцэм и унафэщІ **Кебеков Владимир**.

Зумакулов Борис КъБР-м и Іэтащхьэм и дзыхь къригъэзу и къулыкъум пищэну къызэрыхуигъэлъэгъуам папщІэ фІыщІэ зэрыхуищІыр къыхигъэщащ, апхуэдэуи а жэрдэмыр къыдэзыІыгъаxэми псалъэ гуапэ яжриІащ. Егоровэ Татьянэ Зумакуловым ехъуэхъуащ депутатхэм къабгъэдэкІыу.

ЗэІущІэм зэдзаорэзыуэ Іэ щалэтащ КъБР-м и Къэзэлыпщытэ-Къэзыбж палатэм и унафэщІым и къуэдзэу республикэм и экономикэ Іуэхухэм ильэс 40-м нэблагъэкІэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа Сарбашевэ ФатІимэ къызэрагъэлъэгъуамкіэ. Апхуэдэуи Шэджэм районым и суд Іуэхущ Іапі э №3-м и зэзыгъэкІуэ жеящІэу Мурачаев Арсен хахащ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ республикэ бюджетыр 2017 гъэм и япэ мазищым зэрагъэзэщІам теухуауэ КъБР-м и Правительствэм игъэхьэзыра тхыгъэм. КъБР-м финансхэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Калабеков Азэмэт** зэрыжиІамкІэ, япэ мазищым республикэм и хэхъуэр сом меларди 4,7-рэ мэхъу, ар нэгъабэ апхуэдэ и пІалъэм елъытауэ сом мелуан 981-кІэ нэхъ мащІэщ. Хэхъуэм и процент 38-р налогыбкъыхэкІарщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, нэгъабэрейм сом мелуан 879-кІэ нэхъкІэроку. Калабековым жиІащ апхуэдэ щытыкІэр къэзышар фадэ къыщІэгъэкІыныныкІэ щыналъэм и акцизхэр яГъэмащІэу Іуэхущ Іапі э куэдым я лэжьыгъэр зэрызэхуащІыжар зэрырар. Республикэм къыгъэсэбэпам и гугъу щІыкІам, къэпсэлъам жиІащ ар 2017 гъэм тращІыхьам и процент 19-м нэблагъэкІэ зэрагъэзэщІар, нэгъуэщІу жыпІэмэ сом меларди 5,7-рэ мэхъу. Абы щыщу социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэм сом меларди 4,5-рэ хуаутІыпщащ.

КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Семэн Аслъэн** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ парк-хэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым и проектым щытепсэлъыхьым къыхигъэщащ Урысейм мы зэманым промышленнэ парк 200-м нэблагъэ зэрыщылажьэр. Абыхэм ящыщу 8-р КИФЩІ-м и щІыналъэхэм щыІэщ (Дагъыстэнэм - 3, Шэшэнэм - 1, Ставрополь крайм - 4). Къэпсэлъам зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрри сыт и лъэныкъэкІи хэзыІащ а Іуэхум зыщегъэужьныным. Промышленнэ паркхэр ухуэныр Іэмалыфі хъунущ республикэм и экономикэм зегъэужьныныкІэ, абы нэгъуэщІхэм я мыльку къыхегъэлъхьэныкІэ, лэжьыгъэ Іэнатіэщіэхэр къызэІухыныныкІэ.

ЗэІущІэм етІуанэ еджэгъуэу депутатхэр арэзы щытехъуащ «КъБР-м инвестицэ лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІым теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» законопроектымрэ «КъБР-м и Іуэхущ Іапі эхэм я мылъкум техьэ налогым льготэ хухэхьныныр инвестицэ Іуэхухэр здэщыІэ щІыналъэхэм щылажьэ Іуэхущ Іапі эхэм я хэхъуэм хуэзэ налогыр гъэмащІэныр ятеухуауэ» КъБР-м и Хабзэмрэ. ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ «КъБР-м и Хабзэм мылъкур зэрызэгъэзэжхуапхъэм ехьэлІауэ», «Адэ-анэ зыщхьэщыкІыныныгъэ зеиншэхэмрэ зэрадэІэпыкъум теухуауэ» республикэ законэм.

ЗэІущІэм къыщащтащ «КъБР-м фэтэр куэду зэхэт унэхэр щызэгъэпэщыжыныр къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр къыщІэнащ. Абы илъэс ипкІэ иткІэ, унэхэр зэгъэпэщыжыным къыщагъэсэбэпынущ къыхаха ахъшэм и процент 70-р (30-м и пІэкІэ), лэжьыгъэ нэхъыбэ зэфІагъэкІыфын папщІэ.

«КъБР-м ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховании щІыналъэ фондым и бюджетыр 2017, 2018 - 2019 гъэхэм ятещІыхьауэ» КъБР-м и Хабзэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр епхащ фондым ильэсым тещІыхьа и гъэтІылъыгъэр сом мелуан 538-рэ мин 206,1-кІэ нэхъыбэ зэращІам.

КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и чэзум нэмысу цІыху зыбжанэ зэрыхэкІыжар къэлъытауэ, Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкіэ комитетым пщэрылъ щащІащ абы хьэхьэну хуейхэр къыщрыхахьнум зыхуигъэхьэзырыну.

Депутатхэм Шэджэм Ипщэ къуажэм и щІыпІэ самоуправленэм и Советым дАыгъэ «Боттаев Хьэдис и Щыгу» цІэр а щІыналъэм щыІэ бгыхэм я зым фІащыну къыхалъхьа жэрдэмыр.

ЗэІущІэм и кІэуным Егоровэ Татьянэ псоми фІыщІэ яхуищІащ лэжьыгъэ купщІафІэ зэрыгарэкІуэкІам папщІэ икІи къыхигъащащ КъБР-м и Парламентым 2017 гъэм и гъатхэ лэжьэгъуэм къриубыдэу Хабзэ 30 къызэращтар, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм хабзэгъэув жэрдэмэ 2 зэрыхуагъэхьар.

Депутатхэм ирубзыхуащ бжьыхьэ лэжьэгъуэм зэхэпльэну Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Хъыбар гуапэ

ЗэкІуий Анзор Европэм щытокІуэ

Германием и Дортмунд къалэм щокІуэкІ ныбжьыщІэхэм спорт бэнэкІэмкіэ я европэ зэхьэзэхуэ. Абы япэ махуэм дыщэ медалыр къыщихьащ ди лъахэгъу ЗэкІуий Анзор.

Килограмм 66-м нэс зи хьэлъагъэхэм ЗэкІуийм бэнэкІэ хуитныкІэ къыпэлъащІ ныбжьыщІэхэм. Утыку къыщцихьа зэІущІэхэм ар щытекІуащ псори зэхэту бжьыгъэ 47:3-уэ. ЯпэщІыкІэ абы хигъэщащ Латвием щыщ Голубев Пётр (14:1), къыкІэлъыкІуэ ефІэкІащ венгр Вида Ксабэ (10:0), финал ныкъуэм Молдавием икІа Грахмез Николай зэрыбэ-нэн хуей щыкІэр иригъэлъагъуащ (12:2).

Финалми зэныкъуэкъуныгъэ щІагъуэ щыІакъым. ЗэкІуий Анзор абы щытридзащ Азербайджаным щыщ Навруз Махал. КІэух зэІущІэм хуэмыфащэу мыбыи бжьыгъэ щыинщ - 11:1.

Апхуэдэ щыкІэкІэ ЗэкІуий Анзор Европэм щынэхъ лъащ хуащ. АргъхьэкІэ иджыри зы текІуэныгъэ дэ Германием щекІуэкІ зэхьэзэхуэм дыщыпоплъэ - мыгувэу утыку кьихьэнущ Урысей Федерацэм алыдж-урым бэнэкІэмкіэ и гуп къыхэкам хэт Куэцэ Атмир.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысейм Экологиемкіэ и илъэсым хиубыдэу щІэуэ хэплъэжащ Къабардей-Балъкъэрым и Тхылъ плъыжьым

Ведомствэхэм здай комиссэм игъэхьэзыращ республикэм и Тхылъ плъыжьым и етІуанэ къыдэкІыгъуэм хэгъэхьэнхэу кърилъытэ псэущхьэхэмрэ къэкІыгъэхэмрэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР къэрал университетым биологиемкіэ и щІэныгъэлІхэмрэ экологхэмрэ яГъэхьэзырри, 2000 гъэм бжьыгъэкІэ 1000 хъуэ ящыдагъэкІауэ щытащ КъБР-м и Тхылъ плъыжьыр. Абы къэкІыгъэ лІэужьыгъуэу 87-рэ, псэущхьэу 120-м щІигъу иратхауэ щытащ. КъБР-м и Тхылъ плъыжьым и етІуанэ къыдэкІыгъуэр Экологиемрэ и илъэс дызэрыпыл и бжьыхьэм ирихьэлІэу дунейм къытехьэн хуейщ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Зумакулов Борис Мустэфа и къуэр ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкіэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и «и-1» пунктым, «ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкіэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ, 27-нэ статьяхэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. Зумакулов Борис Мустэфа и къуэр ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкіэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къулыкъум ильэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэзыжын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м
№708-П-П

Мурачай Арсен Руслан и къуэр Шэджэм суд районым и суд участкэ №3-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и къулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. Мурачай Арсен Руслан и къуэр Шэджэм суд районым и суд участкэ №3-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и къулыкъум илъэсиц пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м
№710-П-П

Дыкъынэ Сулътан Хьэсэн и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудиторым и къулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудиторым и къулыкъум яГъэувын папщІэ къыхилъхьа Дыкъынэ Сулътан Хьэсэн и къуэм и кандидатурэм хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «д» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям и Іыхьэ 3-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. Дыкъынэ Сулътан Хьэсэн и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудиторым и къулыкъум илъэсих пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м
№724-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щІыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм щыщхэр нэхъ пасэу къыхэгъэхьажыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щІыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм теухуа Положениэм и 5.1-нэ пунктым и пункт къуэдзэ 2-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм нэхъ пасэу къыхэгъэхьажын:

1) Екъуэлъэ Къантемыр Леонид и къуэр - республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм кабгъэдэкІыу хагъэхьар;

2) Васютченкэ Викторие Валерий и пхъур, Камбагиров Анзор Заурбэч и къуэр, Мусукаевэ Мариям Жэгъэфар и пхъур, Улбашевэ Викторие Александр и пхъур - щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, муниципальнэ районым, къалэ округым щыпІэ унафэр зегъэкІуэныныкІэ я органхэм я деж щалэгъуалэ политикэм ехьэлІауэ щыІэ коллегиальнэ чэнджэщэгъу органхэм кьабгъэдэкІыу хагъэхьахэр;

3) Самофаловэ Светланэ Александр и пхъур - егъэджэныгъэмкіэ Іуэхущ Іапі эхэм я студентхэм я органхэм кьабгъэдэкІыу хагъэхьар.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и пщэ илъэхэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм ыхьахагъэкІыжахэм я пІэкІэ хагъэхьэнухэр къыхэхыныр къызэригъэпэщыну.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м
№728-П-П



Олёкминск яша ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщщ мы сурэтхэм щыфлъагъур.

Лъым кIуэд иIэкъым

Кавказ зауэм и лъэужь е адыгэхэр Якутием къызэрыщыхута щIыкIэр

Адыгэхэм Якутием щаухуа къуажэм.

- Сочэ къалэм Тхыдэмкlэ и музейм Лазаревскэ (Псыфыпэ) щиIэ филиалым лэжьыгъуэ махуэхэм ящыщ зым къыщIыхьащ Урысей Ищхъэрэм, Сыбырым щыпсэу лъэпкъхэм къаззрыхэкIар зи нэгум кьищ лIы гуэр, - жеIэ Хъущт Амнетэ. - Тенджыз ФIыщIэ Іуфэм щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэм теухуа пэшхэм гупсэхуу зыщыплъыхьащ, мы лъэпкъым и тхыдэмрэ и нобэрей псэукIэмрэ къыщIэупщIэу. КъызэрыщIэкIамкIэ, и зэш тригъууэ аратэкъым.

-САХА-ЯКУТИЕ Республикэм и Олёкминск къалэм сыщыщщ. Сочэ лжьыгъэ Іуэхукlэ сыкъэкIауэ аращ. Лазаревскэм зэрымыщIкIэ сыкъыдэгъэщыхьакъым: сэ къызжаIат мыбы этнографиемкIэ музей зэрыдэтыр, мы щIыпIэм адыгэ къуажэ зыбжанэ зэрыщыIэр. Сэ адыгэхэм сакъытехъуэкIащ! Мы махуэр си дежкIэ лъапIэщ, ипэ дыдэу сыкъэхьауэ аращ ди адэжьхэм я лъапсэм. Ди унагъуэм и щIэблэ зэблэкIахэм хъуэпсапIэу яIар сэ къызэхъуIащ! - жиIащ абы.

ГъэщIагъэныщэщ адыгэхэр Якутием къызэрыщыхутам теухуауэ абы къытхуиIуэтэжар.

- А гъэм и гъэмахуэр егъэлеяуэ хуабэт. Ленэ псышхэщ, ауэ щIыпIэ-щIыпIэкIэ чэнж хъуати, тутнакъ ящIа адыгэ 97-рэ зэрыс кхъухьыр пшахъуэм тенащ, щIыхуэкъ здашэ къуажэ бгынжа щIыкIым нэмыс щIыкIэ. Псори кърагъэкIри, якутхэм я къуажэм пэмыжыжьэу я псэукIэр зэтраухуэну хуит къащIащ. Иужьк!э Олёкминск кьалэ хъуащ якутхэр щыпсэуар.

ХьэщIэм жиIар фIэгъэщIагъуэн хъури, Шахэкlеишхуэ (Большой Кичмай) щыщ Гъуафэ Асльэн, ар и Іэщlагъэкlэ тхыдэджщ, мы Іэхур кьитIэщIу щIидзащ.

- Интернетым къыщыкъэгъэтащ Олёкминск и музейм и хэщIапIэр, - жеIэ Асльэн. - Абы и лжьакIуэхэм псынщIэ дыдэу къысIэщIагъэхьащ XIX лIэщIыгъуэм и кIэм XX и пэщIэдзэм траха сурэт зыбжанэрэ тхыгъэхэмрэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, адыгэ щIыхуэкъу 94-рэ бзылъхугъищрэ зы зэманкIэ псэуащ, хамэ зыхамыгъэхьэу. Абыхэм адыгэ фащэр ящыгът, я хабзэм тетыжт. Зыми щыхьэнутэкъым, езыхэми узытрагъэгушхэнутэкъым. Ахэр щакIуэт, мэз папущIырт, дыщэ къыщIахырт. Олёкминск и дыщэ къыщIэхыпIэхэм ящыщ зым теухуа тхыгъэм адыгэхэм я хъыбар къыхощ«... Пшахъуэр щызэтратхъуэ щыпIэм щыху 700 хуэдиз щолажьэ, - щетх щIэныгъэлI-къэхутакIуэ Тимковский Д. М. 1911 гъэм Москва къыщыдигъэкIа «Наша страна: картины природы и быта народов России» тхылъым. - Мыбыхэм яхэтщ къаргъэIэпхъуахэм ящыщ щIалэ лъагэ пIлабгъуэкэри, Сыбырыр зи хэку цIыху: хэщIыхьа-хэри, пащIи жьакIи зытемыт тунгусхэр е якутхэр, кавказ нэгу дахэ зиIэ адыгэхэри, жьакIэ фIыцIэ нэ фIыцIэ къабзэ хъужахэу».

Олёкминск и музейм и лжьакIуэ Никифоровэ Иринэ зэрыжиIэмкIэ, адыгэхэм къатехъуэкIахэр а щIыпIэм иджыри щопсэу, псалъэм папщIэ, ныбжь зиIэ зы бзылъхугъэм жеIэ Балдэхэ зэращыщыр. ГъэщIагъэныщэщ: Шахэкlеишхуэ щыпсэу Кузбж лъэпкъым и етIуанэ унэцIэр Балдэхэщ.

Адэкlэ фыщыдгъэгъуэзэнщ музейм къыщIыхьа лIым Хъущт Амнетэ иджыри къыжриIам.

- Илъэс зыбжанэкIэ зыри зыхамыгъэхьэу псэуауэ, адыгэхэм я нэхъыжьхэр зэхуэсри унафэ ящIащ: дыхэмыкIуэдэжыпэн щхьэкIэ нэхъыщIэхэр хуит дощI мы щIыпIэм щыщ къашэну. Абыхэм къагурыIуэрт нэхъыбэм уаззрыхэшыпсыхьынум мыр щIэдзапIэ зэрыхуэхъунур, ауэ нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэтэкъым. Арати, Олёкмински абы и Іэгъуэблагъэми якут зэрэджсэхэр щIиIэ хъуащ. Зэман дэкIри, я бзэр ящIыгъупщащ, ауэ я хьэл-щэнкIэ адыгэу къызэрынэным хущIэхъуащ. Езыхэм нобэ адрейхэм къыхащIыхукI «я лъэпкъэгъуэхэр». Дауэ? Я нэгумкIэ, я лъагагъкIэ, пащIэ, жьакIэ Іув къаззрытекIэмкIэ. Иужьрейм мы щIыпIэм апхуэдэу ущрихьэлIэркъым.

Адыгэхэм тутнакъэщ яхуэхъуа Олёкминск яблгьидзуэ Якутие Республикэмрэ къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ Іэпхъуащ. Ауэ зэрощIэ, зэунэцIэджэгъуэхэр зэрыIыгъщ.

- Си Іыхьлыхэм Сочэ сыкъызэрыкIуэр къыщащIэм, нэхъыжьхэм унафэ къысхуащIащ ди лъэпкъэгъуэм ящыщ сыхуэзэну, я псэукIэр къэсщIэну, - жеIэ Якутием къыкIа лIым. - Унафэр згъэззэщIащ. Дэ, адыгэхэм къатехъуэкIахэм, псэкIэ зыхэтщIэрт ди Хэкум дыззрыпыщIар. ЗэрытщIэщи, лъым кIуэд иIэкъым».

НЫБЭ Анзор.

● Налшык

Къабзагъэм кIэлъоплъ

Хьэтlохъущокъуэм и цIэр зезыхьэ Налшык паркым и теплъэр кIуэ пэтми йофIакIуэ, нэхъ дахэ мэхъу.

«ДИ ЩЫНАЛЪЭМ зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм ди паркыр ягу ирохь, мыбы щедгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм апхуэдизу хъэщыкъ ящIри, уеблэмэ къыдоупщI, фэ нэгъуэщI щыпIэхэм зыгъэпсэхуакIуэ щхьэ фыкIуэн хуей, жаIэри», -къыхагъэщ жыг хадэм и лэжьакIуэхэм. Псори дахэщ, екIуащ, я къару емыблэжу паркым махуэ къэс илэжьыхьхэм я фыгъэкIэ. Гъэмахуэр къэзыхьрихьэр абыхэм я ізэфIэкI псори ирахьлIэ а щIыпIэр къабзэу щытыным. Ди жагъуэ зэрыхъэщIу, еIуящIэхэри мащIэкъым. ЩIалэгъуалэм сэхуранир лъэ зекIуапIэ къабзэхэм щаIункIри йожьэж, кIэрыхубжьэрыхуэхэр тетIысхьэпIэхэм къытранэ. Зэранычгъэшхуэхэр абыхэм щалэжьыр псом хуэмыдэу жэщыщ - нэху къыщIекI щыIэщ тетIысхьэпIэхэр къытечауэ, кIэрыхубжьэрыхуэ зрадзэр къутауэ, удз гъэгъахэр къафыщIауэ. Дяпэкlэ нэхъри ткIийуэ кIэлъплъынущ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ дахэ ди паркыр яхъумэным, гъэдэхэным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Хъыбар гуапэ

Адыгэ мультфильм Тыркум къыщыдокI

«Лъэпкъым и псэр и бзэщ. Зи анэдэлъхубзэр зымыщIэж лъэпкъыр щымыIэжу къэплъытэ хуунщи», - псалъэ пэжхэр итхауэ щытащ щIыху Іущ гуэрым.

ДЭ КУЭДРЭ и гугъу тщIащ зэкъэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я бзэр зэрахъумэм, абы хуащI пщIэм, гулъытэ иным. Тыркум щылажьэ Адыгэ бзылъхугъэ хасэм иджыблагъэ адыгэ дунейр зэригъэгуфIа Іэхури абы и щыхьэтщ - ныбжьыщIэхэм адыгэбзэ зэрызрагъэщIэн таурыхъ гъэщIэгъуэн трахри, диск мин хъууэ сэ адыгагъэкIащ. Дакъикъэ 50-кIэ екIуэкI таурыхъым и сценарийр тыркубзэкIэ зытхар Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, бзылъхугъэ хасэм и гуащэ Шурдым Іюнселщ, адыгабзэкIэ зэзыдзэкIар профессор Бакъ Зерэрэ Юнус Джихьэтращ, Арт-директорыр ПIамжьыкъуэ Нартщ. Таурыхъым анэшхуэу хэтым и макъыр зыгъэIуар Бакъ Зерэщ, адэшхуэр Юнус Джихьэтщ, анэр - Іюлсер Онерщ, адэр - Акъбай Исхьэкъщ, Абрэдж (щIалэ щIыкIу) - Бещто Зэкищ, Гупсэр (хъыджэбз щIыкIу) - Шурдым Іюнселщ.

Іуэху щхьэпэм и жэрдэмщIакIэ Шурдым Іюнсель хасэ Іэхукlэ Хэкум къэкIауэ зыхуэдгъаззэри, таурыхъыр зэрагъэхьэзырам тедгъэпсэлъыхьащ.

- Дэ куэдрэ дегупсысащ ди щIэблэм бзэр зэредгъэщIэну, абы зэрыдедгъэхьэхыну Іэмалым, - къыддогуашэ Іюнсель. - Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыпей анэхэм адыгэбзэ яIуриIыкIыным, я быным зэрепсальэр хамэбзэщ. Иджыблагъэ дэ къызэIутхащ бзэ къэд щызэбгъэщIэфынуну ефедэпIэ. Абы къыдэкIуэу школ ныбжьым нэмыса щIыкIуэхэм адыгэбзэр щызэрагъэщIэфын ефедэпIи къызэдгъэпэщати, ари къыдэмэщIэкIащ. Истамбыл къалэр инщи, ди щIэблэр псори къытхуэзщIегъэубыдэркъым. Пэжщ, Хэкум адыгэбзэкIэ трахауэ мультфильм зыбжанэ щыIэщ, ауэ ар дэ ди псэлъэкIэм (диалектым) техуэркъыми, ди сабийхэм абыкIэ бзэр яхуэзгъашIэркъым. Мультфильмым и сценарийр стхьн ипэ нэгъуэщIыбзэхэр ириразгъашIэу щыIэхэм я жьпхъэхэм сеплъри, ещхьу сщIащ. Іыхьиблу гуэша таурыхъым и ипэ Іыхьэм абы хэтхэм зыкъуагъэцIыкIу, етIуанэм зэрышхэнур, псы зэрефэнур, зэрыжеинур щыжаIэ, ещанэм я Іэпкъльапхьэр къыщрабжэкI, адэкIэ унэльащIэр, хадэжэкIхэр, къэжьыгъэхэр, пльыфхэр, бжыгъэхэр къыщащIыху ныбжьыщIэ щыкIухэм. Псори зэхэту мы дискым псалъэ 300 ящыгъэщIэнущ сабийхэм. Псальэхэр я гум ирабудзэфын папщIэ зыбжанэрэ къытрагъэззэжурэ жаIэ ди лЫыхъжьхэм.

Тыркум адыгэбзэкIэ хуиту щыпсалъэ хъыджэбз щIыкIу щыдгъэтэкъым, Хэкум исхэм я псэльэкIэр ди дежь щыпсэуэм къагурымыIуэкIэ щыIнуэ щыIэти, си макъыр щабэ сщIыурэ, хъыджэбз щIыкIуу джэгуар псалъэ гуапэ куэд яхужиIащ фэеплъыр гъэхьэзырыным хэлIыфIыхьахэм.

Щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къэнэмэт Рустам къыхигъэщхьэкIащ Къулькъужьн Ипщэм и иджырей щIэблэм япэ итахэм я Іэхуэщафэ дахэхэм зэрыпащэр. Абы жиIащ мы Іэхур къуажэмэ районми я мызакъуэу, республикэ псом я дежкIи зэрыщащхъэр. Зыкъэм хэтахэм я фэеплъ нэхур хъумэныр щIыху псомри я кьалэн лъапIэщ.

Фэеплъым и лъабжьэм удз гъэгъа дахэхэр щагъэтIылъащ, школакIуэхэм уэрэд щIэрыIуэхэр ягъэзэщIащ.

Зэхьхьэм щIыху куэд къэрыхьэлIат.

Бахьсэн щIыналъэм и администрацэм и пресс-Іуэхущ!аIпIэ.

● Бахьсэн щIыналъэ

Хэку зауэшхуэм хэтахэм я фэеплъ

Къулъкъужьн Ипщэ къуажэм къыщыщIэIуахащ фронтым къикIыжу къэзыгъэззэжа я къуажэгъуэхэм я мемориал блын.

АБЫХЭМ Москварэ Ленинградрэ яхъумащ, Сталинградрэ Курскрэ я деж лъы щагъэжащ, европей къэралхэм я щIыналъэхэм лIыгъэ щыIэзрахьащ, Берлин къащтащ. Абыхэм ящыщ куэдым орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэсфощащ. Ахэращ, зауэм къикIыжа иужь, республикэр лъэ быдэкIэ зэфIэзыгъуэвэжар.

Блыныр гъэхьэзырыным теухуа мылькур зэхуахьэсащ зауэм хэтахэм я Іыхьлыхэм. Ар зыщIари зыгъэуварэ Къулькъужьн Ищхъэрэ къущIалъхуа Дудар Альбертщ. Зэлущ!эр къыщIэзIуихым къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ АфIэунэ Хьэжмухьэмэд ящыщ зым теухуа тхыгъэм адыгэхэм я хъыбар къыхощ«... Пшахъуэр щызэтратхъуэ щыпIэм щыху 700 хуэдиз щолажьэ, - щетх щIэныгъэлI-къэхутакIуэ Тимковский Д. М. 1911 гъэм Москва къыщыдигъэкIа «Наша страна: картины природы и быта народов России» тхылъым. - Мыбыхэм яхэтщ къаргъэIэпхъуахэм ящыщ щIалэ лъагэ пIлабгъуэкэри, Сыбырыр зи хэку цIыху: хэщIыхьа-хэри, пащIи жьакIи зытемыт тунгусхэр е якутхэр, кавказ нэгу дахэ зиIэ адыгэхэри, жьакIэ фIыцIэ нэ фIыцIэ къабзэ хъужахэу».

Олёкминск и музейм и лжьакIуэ Никифоровэ Иринэ зэрыжиIэмкIэ, адыгэхэм къатехъуэкIахэр а щIыпIэм иджыри щопсэу, псалъэм папщIэ, ныбжь зиIэ зы бзылъхугъэм жеIэ Балдэхэ зэращыщыр. ГъэщIагъэныщэщ: Шахэкlеишхуэ щыпсэу Кузбж лъэпкъым и етIуанэ унэцIэр Балдэхэщ.

Адэкlэ фыщыдгъэгъуэзэнщ музейм къыщIыхьа лIым Хъущт Амнетэ иджыри къыжриIам.

- Илъэс зыбжанэкIэ зыри зыхамыгъэхьэу псэуауэ, адыгэхэм я нэхъыжьхэр зэхуэсри унафэ ящIащ: дыхэмыкIуэдэжыпэн щхьэкIэ нэхъыщIэхэр хуит дощI мы щIыпIэм щыщ къашэну. Абыхэм къагурыIуэрт нэхъыбэм уаззрыхэшыпсыхьынум мыр щIэдзапIэ зэрыхуэхъунур, ауэ нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэтэкъым. Арати, Олёкмински абы и Іэгъуэблагъэми якут зэрэджсэхэр щIиIэ хъуащ. Зэман дэкIри, я бзэр ящIыгъупщащ, ауэ я хьэл-щэнкIэ адыгэу къызэрынэным хущIэхъуащ. Езыхэм нобэ адрейхэм къыхащIыхукI «я лъэпкъэгъуэхэр». Дауэ? Я нэгумкIэ, я лъагагъкIэ, пащIэ, жьакIэ Іув къаззрытекIэмкIэ. Иужьрейм мы щIыпIэм апхуэдэу ущрихьэлIэркъым.

Адыгэхэм тутнакъэщ яхуэхъуа Олёкминск яблгьидзуэ Якутие Республикэмрэ къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ Іэпхъуащ. Ауэ зэрощIэ, зэунэцIэджэгъуэхэр зэрыIыгъщ.

- Си Іыхьлыхэм Сочэ сыкъызэрыкIуэр къыщащIэм, нэхъыжьхэм унафэ къысхуащIащ ди лъэпкъэгъуэм ящыщ сыхуэзэну, я псэукIэр къэсщIэну, - жеIэ Якутием къикIа лIым. - Унафэр згъэззэщIащ. Дэ, адыгэхэм къатехъуэкIахэм, псэкIэ зыхэтщIэрт ди Хэкум дыззрыпыщIар. ЗэрытщIэщи, лъым кIуэд иIэкъым».

НЫБЭ Анзор.

● Футбол

ТекIуэныгъэм и Іэфlагъыр Мэзкуу щызыхащIэ

Мэзкуу и «Спартак» академием мы махуэхэм щокIуэкI 2001 гъэм къалъхуахэм футболымкIэ я чемпионатым и кIэух зэIущIэхэр. «Спартак-Налшыкым» и ныбжьыщIэхэр абы аргуэру, ещанэу зэкIэлъхьэужьу, щытекIуащ.

ЗЫХЭТА гупым ещанэ увыпIэр къыщызыхьа ди щIалэщIэхэм иджы зэрхуэрэгъу къаухэхъуат Калининград и «Балтика»-р. Зи джагуkIэр кIуэ пэтми езыгъэфIакIуэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм аргуэру хуабжьу дагъэгуфIащ. Дзэмыхь Анзоррэ Щоджэн Замиррэ я гъэсэнхэм, я капитан Балъкъыз Къантемыр я пашэу, калининграддэсхэм щхьэхъэтыгъуэ иратакъым.

Япэ дакьикъэхэм щегъэжьауэ ди щIалэхэм тепщэныгъэр яубыдащ икIи мыгувэу Сынджку Темыркъан ижьырабгъумкIэ щыкIуэцIрыкIыу къыхита топыр Апекъуэ Анзор «Балтика»-м и гъуэм дигъэкIащ. Ар щIэдзэкIэ тельыджэт!

Бжыгъэр тыншу къызэрызэIуахэм игъэбэлырыгъэ налшыкдэсхэм псынщIэ дыдэу топ къыхудагъэкIыж пташ. Арщхьэкlэ Абазэ Азрэт гъуащхьэтет Іэззу зыкъигъэлъэгъуащ икIи ди командэр къригъэлащ.

Адэкlэ «Спартак-Налшыкыр» сакъащ икIи ебгъэрыкIуэныгъэхэм пищэжащ. Апхуэдэхэм ящыщ зым Іэпщащэ Марат топыр кьритри, Кьумыкъу Жамболэт щхьэкIэ бжыгъэр игъэбэгъащ.

Загъэпсэхуу кьиихьэжа иужькIи ди щIалэхэм я тепщэныгъэр кьагъэтIэсхъакъым. Кьумыкъу Мухьэмэд и закъуэу калининграддэсхэм я гъуащхьэхъэмэхэм яIэщIкIри, бжыгъэр 3:0-м нигъэсащ.

Зы дакьикъи дэкIатэкъым «Спартак-Налшыкыр» аргуэру кьущIэжжаныIам. Пэжщ, епIанэ топыр «Балтика»-м и гъуащхьэшэрмэхэм ящыщ зым и гъуэм дигъэкIыжауэ судьяхэм къалыитащ.

Абы иужьыжкIэщ ди щIалэхэр мащIэу щысщыбырыжар. Ар кьагъэсэбэпри я хьэрхуэрэгъуэхэм зы топ къыхудагъэкIыжащ икIи 4:1-уэ Спартак-Налшыкыр» текIуауэ джэгур иухащ.

Зи ныбжьыр ищIэу пщыкIыным щIимыгъуэ футболистхэр зыхэт Урысей Федерацэм и командэ нэхъыфI дыдэхэм яхьихьа ди щIалэхэм иджыри зы зэIущIэ Мэзкуу кьалэм къащыпащыльIащ. Абыи екъуIэныгъэ щаIэну ди гуапэщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 1, *щэбэт*

♦Бурятием егъэлъапIэ езым фIэфIу Урысей къэралыгъуэм щыхьха махуэр (1661 гъэм)

♦Украинэм и Архитектурэм и махуэщ

♦Армением и прокуратурэм и лэжьакIуэм и махуэщ

♦Тыркум и Дзэ-тенджыз къарухэм я махуэщ

♦Канадэм и махуэщ

♦Инджылызым щагъэлъапIэ ЩIыналъэм и махуэр

♦Къыргызыстан, Молдавием я налог Іэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1200 гъэм Китайм дунейм щыяпэу щащIащ нэхэр дыгъэм зэрыщхьэумэ нэгъуджэ.

♦1862 гъэм Москва къыщызэIуахащ къэрал библиотекэ

♦1875 гъэм дунейпсо пощт зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1882 гъэм Петербург лэжьэн щыщIидзащ апэ телефон станцым.

♦1904 гъэм Сент-Луис (США) къыщызэIуахащ III гъэмахуэ Олимп Джэгухэр.

♦1917 гъэм Урысейр ипэ дыдэу техьащ гъэмахуэ зэманым.

♦1921 гъэм Шанхайм къыщызэрагъэпэщащ Китайм и Компартыр.

♦1955 гъэм дунейм къытехьащ «Иностранная литература» ліитературно-художественнэ журналым и ипэ номерыр.

♦1957 гъэм Москва и Театр Иным щызэхэтащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и гъэздэкэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм ята иужьрей концертыр.

♦1966 гъэм СССР-м колхозхэтхэм мазэ къэс улахуэ ирату щыщIадзащ.

♦1981 гъэм КъБР-м и цIыхубз усакIуэ КIыщокъуэ Алим СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретару хахащ.

♦Совет актрисэ, СССР-м и цIыхубэ артистка **Лучко Кларэ** къызэрагъэхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джатэгъэжь Владимир** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс жылагъуэ лэжьакIуэ, «Хэкужь» щIыналъэ псапащIэ фондым и тхьэмадэ **Іэдэмокъуэ Алберд** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, Китайм и кьалащхьэ Пекин 2008 гъэм щекIуэкIа Олимп Джэгухэм ящыщхэм бэнэкIэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ чемпион щыхъуэ **Хъущт Асльэнбэч** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, Сочэ къалэм 2014 гъэм щекIуэкIа Олимп Джэгухэм я чемпионкэ **Сотниковэ Аделинэ** и ныбжьыр илъэс 21-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык хэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 2, *тхьэмахуэ*

♦Днепр псым и дунейпсо махуэщ

♦Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ

♦Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ. 1924 гъэм бадзэуэгъуэм кьызэрагъэпэщащ спортым тетхыкъ журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦Уфологым и дунейпсо махуэщ

♦Азербайджаным и полицэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Къэзахъстаным и дипломатие къулыкъум и махуэщ

♦Узбекистан Республикэм и къэрал гербыр къыщащта махуэщ

♦1556 гъэм пащтыхь Грозный Иван Астрахань Урысей къэралыгъуэм хигъэхьащ икIи Астрахань хъаныгъуэр икъутэжащ.

♦1860 гъэм Владивосток кхъухь тедзапIэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ. Иджыпсту ар УФ-м и Приморскэ крайм и кьалащхьэщ.

♦1964 гъэм «Къэббалъкъгаз» трестыр къызэрагъэпэщащ.

♦1975 гъэм Ростов - Владикавказ гъущI гъуэгум мафIэгъуэм щызекIуэу щIадзащ.

♦1976 гъэм Вьетнам Социалист Республикэр къызэрагъэпэщащ, Ищхъэрэ, Ипщэ Вьетнамхэр зэгуагъэхьэри. И къалащхьэ Сайгон и цIэр Хошимину зэрахъуэкIащ.

♦1990 гъэм къызэIуахащ КПСС-м и иужьрей, XXVIII, съездыр. Ар бадзэуэгъуэм и 13 пщIондэ екIуэкIащ.

♦Шэрджэс усакIуэ **Гъуэщокъуэ Хъусин** къызэралъхурэ илъэсиз 104-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, кинорежиссёр, жылагъуэ-политикэ лжьакIуэ **Яковлева Александрэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык хэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 32-рэ, жэщым градус 20 - 23-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 3, *блыщхьэ*

♦ГИБДД-м (ГАИ-м) и лжьакIуэхэм я махуэщ. Цыхубэ комиссархэм я советым ищIа унафэм ипкъ иткIэ 1936 гъэм къызэрагъэпэщащ ГАИ-р.

♦Алтай республикэр къыщыдэрагъэпэща махуэщ

♦Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦Беларусь Республикэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ

♦1700 гъэм Константинополь щызэращIылIа мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Іуэзв (Азов), и Іэгуэблагъэхэри (Таганрог, Павловск, Миус) щIыгъуу, Урысейм и щIыналъэ хъуащ.

♦1841 гъэм иджылызэ астроном Адамс Джон хэIущIыIу ищIащ Нептун планетэр къызэригъуэтар.

♦1885 гъэм Бенц Карл кьигупсыса автомобилыр игъэунэхуащ, абы и зэфIэкIыр зыхуэдэри цIыхухэм яригъэлъэгъуащ. Иджы ар дуней псом щыщIэныгъэ Мерседес-Бенц автомобиль лъэщырщ.

♦1916 гъэм Лондон щызэхэтащ «Титаник» кхъухьыр щIыщIилъэфар зи зэрарыр щызэхэгъэкI судыр.

♦1928 гъэм дунейм щыяпэу США-м ящэу щыщIадзащ апэ телевизорэр. Зым долларэ 75-рэ и щхьэ.

♦1941 гъэм Сталин Иосиф совет цIыхубэм радиокIэ захуигъэзащ, Хэкур хъумэжным кьыхуэзщIэтэджэну кьыхурииджэу.

♦1944 гъэм Минск къалэр нэмыцIэфашист зэрырпхъуакIуэхэм кьыIэщIагъэхьжащ.

♦1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етIуанэу кьызэрагъэфэщащ.

♦1991 гъэм РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьыищтащ Алтай, Къэрэшей-Шэрджэс, Горно-Алтай, Хакассие автономнэ областхэр Адыгэ Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ, Алтай Республикэ, Хакасие Республикэ жиIэу зэхъуэкIыным теухуауэ.

♦1996 гъэм Ельцин Борис УФ-м и Президент кьупкъым етIуанэ пIалъэми тетыну хахьжащ.

♦США-м щыщ актёр, режиссёр, продюсер икIи сценарист **Круз Том** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Серебряков Алексей** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык хэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псы къэмыжэм псыхьэлыгъуэ хьуумыш.

«Адыгэ лъэпкъыр зэшэлІэжыным, хэхэс адыгэхэр адэжь хэкум зэрыпыщІам зегъэубгъуным елэжь Дунейпсо Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я союзым и УСТАВ

1991 гъэм накъыгъэм и 25-м Къызэрэпэщакіуэ Конгрессым къищтащ
1993 гъэм бадзэуэгъуэм и 20 - 25-хэм II Конгрессым Уставым халъхьэжа зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъужныгъэхэмрэ къищтащ
1996 гъэм бадзэуэгъуэм и 24 - 26-хэм III Конгрессым щІэуэ зыхэплъэжа Уставыр къищтащ
1998 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25 - 27-хэм IV Конгрессым Уставым халъхьэжа зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъужныгъэхэмрэ къищтащ
2016 гъэм фокІадэм и 19-м ДАХ-м и зи мыччэу XI Конгрессым щІэуэ зыхэплъэжа Уставыр къищтащ

1. Псори къызэщІэзыубыдэ Іуэхуэр

1.1. «Адыгэ лъэпкъыр зэшэлІэжыным, хэхэс адыгэхэр адэжь хэкум зэрыпыщІам зегъэубгъуным елэжь Дунейпсо Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я союзыр, адэкІэ «Организацэ» цІэр зиІэу къакІуэр, а Организацэм хэтхэм я зэхуэдэ мурадхэр пхыгъэкІыным, псоми къапэщыт Іуэхуэхэмрэ мы Уставым къыщыгъэува къалэнхэмрэ гъэзэщІэным зэгъэуІуаэр телажьэ ІэнатІэщ.

УрысыбзэкІэ Организацэм нэгъэсауэ зэреджэр: «Союз общественных объединений «Международная Черкесская Ассоциация по единению черкесского народа, развитию связей черкесской диаспоры с исторической родиной».

УрысыбзэкІэ Организацэм гъэкІэщІауэ зэреджэр: «Международная Черкесская Ассоциация», МЧА.

Адыгэбзэкіэ Организацэм нэгъэсауэ зэреджэр: «Адыгэ лъэпкъыр зэшэлІэжным, хэхэс адыгэхэр адэжь хэкум зэрыпыщІам зегъэубгъуным елэжь Дунейпсо Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я союз».

Адыгэбзэм и диалект псомкІи Организацэм гъэкІэщІауэ зэреджэр: «Дунейпсо Адыгэ Хасэ». «ДАХ» Инджылызыбзэкіэ Организацэм нэгъэсауэ зэреджэр: «Union of public associations «The International Circassian Association on unity of the Circassian people and development of relationships of the Circassian diaspora with the historical motherland».

ИнджылызыбзэкІэ Организацэм гъэкІэщІауэ зэреджэр: «International Circassian Association», «ICA».

1.2. Организацэм и лэжьыгъэр Урысей Федерацэм, апхуэдэу Организацэм хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр е Организацэм и ІэнатІэ пыгъэщхьэхуКІахэр здэщыІэ нэгъэщІ къералхэм я щІыналъэхэм щрегъэкІуэкІ.

1.3. Организацэм и лэжьыгъэр ирегъэкІуэкІ Урысей Федерацэм и Конституцэм, Урысей Федерацэм и Граждан кодексым, «Фейдэ къэлэжьыным пымыщІа организацэхэм я Іуэхуки» 1996 гъэм щІышылэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №7-ФЗ-м, «ЖылагъуэІ зэгухьэныгъэхэм я Іуэхуки» 1995 гъэм накъыгъэм и 19-м къащта Федеральнэ закон №82-ФЗ-м, Урысей Федерацэм, Урысей Федерацэм и субъектхэм я адрей хабзэ мардэхэм, Организацэм хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр е Организацэм и ІэнатІэ пыгъэщхьэхуКІахэр здэщыІэ нэгъэщІ къералхэм я законодательствэм, мы Уставым еэзгъыу икІи а лэжьыгъэм и лъабжьэщ дуней псом къыщалъытА хабзэхэу, мардэхэу, пщалъэхэу, зэгурыІуэныгъэу, конвенцэу Организацэм иригъэкІуэкІ Іуэхуэм егъэщІылаХэр.

1.4. Организацэм и Іуэху зехьэкІэм и лъабжьэщ абы хэтхэм я фІэфІыныгъэр, хуитныгъэкІэ зэхуэдэу щытыныр, унафэр нэгъэущІ къыхэмыІэбэу зегъэкІуэныр, законым тетыныр, нахуагъэр, зэІухауэ щытыныр, цІыхум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэмрэ пщІэ яхуущІыныр.

1.5. Организацэм юридическэ ІэнатІэм и кІару егъуэт Урысей Федерацэм и хабзэм къызэригъэувам тету а зэгухьэныгъэр къералым щитха дакъыгъэм щегъэжьауэ.

1.6. Организацэм еэым и цІэкІэ мылъку зэригъэпэщын е мылъкум пымыщІа нэгъэущІ хуитныгъэхэр зэтригъэувэ, къалэн пыухыкІахэр ихь, судым, абы арбитраж судымрэ лъэныкъуэхэр зэрызэгурыІуам тету къащтэ судымрэ хэту, и Іуэхур щыпхигъэкІыну е жэуапткІуэу къыщыув хъунущ.

1.7. Организацэм мылъку пыгъэщхьэхуКІа, баланс хэха иІэ, банкхэмрэ кІынэмыщІ кредит Іуэхущ1апІэхэмрэ ахъшэ щыэзригъакІуэ счётхэр щІиІэ, апхуэдэу еэым и цІэр зытет мыхъур хъурей, штамп, дамыгъэ, бланкхэр иІэ хъунущ.

1.7. Организацэм и лэжьыгъэр хэІущІыІэу щытщ, ар езыр къызэрызэрагъэпэщащэм и программэхэмрэ ехьэлІа документхэм ятеууэ хъыбарыр зэІуахащ.

1.9. Езым и пщэ дилъхьэжа къалэнхэр гъэзэщІэнымкІэ Организацэм жэуап ешь иджыпсту зекІуэ законодательствэм ипкъ иткІэ фІатхьакъу хъуну бгъэдэлъ мылъку псомкІи.

1.10. Организацэм и пщэ дилъхьэжа къалэнхэр игъэзэщІэнымкІэ къералыр, абы и органхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ жэуапткІуэу щыткъым, апхуэдэ дыдэу Организацэр жэуапткІуэкъым зегъэубгъуным елэжь Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пщэ далъхьэжа къалэнхэмкІэ.

1.11. Организацэм и пщэ дилъхьэжа къалэнхэр гъэзэщІэнымкІэ абы хэт псоми жэуап яхь Конгрессым и унафэкІэ ягъэувауэ гъэ къэс зэхуэхьэс хэтыпщІэр зэрыкъум хуэдизкІэ.

1.12. Организацэм официальнэу кьегъэсэбэп урысыбзэр, адыгэбзэр, инджылызыбзэр.

1.13. Организацэм и Хасащхьэр зэпымыууэ щылажьэр: Урысей Федерацэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ.

2. Организацэр зытелажьэ Іуэхур, мурадхэр, абы къыбгъэдэхуэ къалэнхэр

2.1 Организацэр зытелажьэ Іуэхумрэ абы и мурадхэмрэ ящыщщ:

- Организацэм хэт, адыгэ лъэпкъыр къэгъэщІэрэщІэжьным, абы и щэнхабзэмрэ зэхэщІыкІымрэ зегъэужьным, лъэпкъым и кІыхэщхьэхуКІныгъэхэр хъумэным, адыгэхэм я тхыдэм и пэжыпІэр зэтегъэувэжьным елэжь адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэфІэкІыр зэгъэуІуныкъэ унэтІыныкъэ;

- адыгэ лъэпкъым кІыпащыт экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ, дин Іуэхуэр дэгъэкІыным телажьэныр;

- адыгэхэр зэкъуэгъэувэжьныкъэ хэхэс адыгэхэр я адэжь хэкум зэрыпыщІам адэкІи зегъэубгъуныжкІэ зыхуеину Іэмалхэр кьызэгъэпэщыныр телажьэныр;

- Организацэм хэтхэм законкІэ яІэ хуитныгъэхэм я хъумакІуэу щытыныр, абыхэм я экономикэ, социальнэ, кьинэмыщІ хуитныгъэхэм кащхьэщІжьныжкІэ сэбэп хъунуР;

- лъэпкъым яку дэлъ мамырыгъэр, зэныбжьэгъугъэр, зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэным, социальнэ, лъэпкъ, кьинэмыщІ зэныкъуэкъуэхэр кьзмыгъэзыуным телажьэныр.

2.2. Организацэм и кьалэнхэм ящыщщ:

- адыгэ лъэпкъыр зэтегъуэвэжьныныр абы зегъэужьныныр пыщІауэ экономикэм, хабзэм, тхыдэм, щэнхабзэм, егъэдэжныгъэм, демографием, нэгъэущІхэми ехьэлІа щІэныгъэ къэхутэныгъэхэр къызэгъэпэщыныр егъэкІуэкІыныр;

- адыгэхэм я зэхэщІыкІымрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьныным телажьэныр;

- анэдэлъхубзэр зэраджьр егъэфІэкІуэныр, адыгэ лъэпкъым и литературэбзэм зегъэужьныным телажьэныр;

- адыгэ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ япыщІа хъугъуэфІыгъуэхэр адэжь щІыналъэм щызэхуэхьэсыжьным телажьэныр;

- Организацэм и деж библиотекэ щхьэхуэ къыщыщІзэгъэпэщын мурадкІэ адыгэхэм ятеууэ Іэрытххэр зэхуэхьэсыжьныныр джынымрэ телажьэныр;

- къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэхэм яку дэлъ благъагъэр кьэхутэжьным, абыхэм, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм, я зэпыщІэныгъэхэр зэтегъэувэным телажьэныр;

- зи адэжь щІыналъэм къэзыгъэзэжьыну гукъыдэж зиІэ адыгэхэм Урысейм и законодательствэм кьызэрригъэувам тету ядэІэпыкъуныр.

3. Организацэр зэрыт хабзэ щытыкІэр

3.1. Езым и мурадхэмрэ кьыбгъэдэхуэ къалэнхэмрэ игъэзэщІэн папщІэ Организацэм хуитныгъэ иІэщ:

- езым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм тепууэ хъыбарыр кьыпэрыуэ щымыІэу хэІущІыІу ищыну;

- къэрал властым и органхэмрэ щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ унафэхэр кьыщащтэкІэ Федеральнэ законхэм кьыщыгъэува хабзэмрэ мардэхэмрэ кьриубыдэу хэтыну;

- зэІущІэхэр, пэкІуэхэр иригъэкІуэкІыну;

- цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэр кьызэригъэпэщыну, тхыгъэхэр тридзэну;

- езым и хуитныгъэхэм, Организацэм хэтхэм, абы кьыдэлажьэхэм, адрей цІыхухэм зекІуэ хабзэхэм ятеууэ зекІуэ закон зыхэлъхэм я хьумакІуэу къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм кьыщыуВуну;

- жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ятеуухуа законхэм япкъ иткІэ езым кьыбгъэдэхуэ полномочиехэр нэгъэсауэ кьигъэсэбэпыну;

- жылагъуэ гъащІэм ехьэлІа Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр кьиІэтыну, зыхуэфащэ Іуэхуэхэр къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм кьыщыхилъхьэну;

- Организацэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ щхьэхуэхэм пыщІа проектхэмрэ программхэмрэ я жылагъуэ экспертизэ иригъэкІуэкІыну;

- юридическэ ІэнатІэхэм, цІыху щхьэхуэхэм, абыхэм дунейпсо зэгухьэныгъэхэмрэ нэгъэущІ къэралхэм я цІыхухэмрэ яхэту, Іуэхуэкіэ запищІэну икІи дипломатие, иджырей технологиехэм, экономикэм, финансхэм, бизнесым, щэнхабзэм, гъуэзджэм, тхыгъэхэр тедзэным, экологием я ІэнатІэхэм хиубыдэу абыхэм ядэлажьэну;

- Организацэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм ехьэлІа дунейпсо, лъэпкъ, щІыналъэ программхэр гъэзэщІэным хэтыну;

- устав лэжьыгъэм къезэгъыу конгрессхэр, симпозиумхэр, семинархэр, зэхьыхьэхэр, зІущІэхэр кьызэригъэпэщуэр иригъэкІуэкІыну;

- зэрыпэжьэнум тепууэ программэхэр езым зэхилъхьажьну, кьищтэну икІи иригъэзэщІэну;

- Организацэм и ахъшэр мылъкур кьызэригъэсэбэпынумрэ ахэр зыхуэдизымрэ езым иубзыхуну;

- Организацэм и унафэмрэ кьалэнхэмрэ гъэзэщІэнымкІэ Іуэхушхуэ зэрызэфІагъэкІам папщІэ нагрудэхэр, саугъэтхэр, стипендиехэр, кьинэмыщІ тыгъэхэр игъэувыну;

- Организацэм и лэжьыгъэм теууэ Іуэхуэхэр зэхуихьэсыну, информацэм пыщІа Іуэхутхьэбзэхэр зэфІигъэкІыну;

- Организацэм и сэбэп зыхэлъхэм телажьэ гупхэр, цІыху щхьэхуэхэр нэгъэущІ къэралхэм игъэкІуэну, апхуэдэ гупхэмрэ цІыхухэмрэ Урысейм кьыщыригъэблэгъэну;

- Организацэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм хиубыдэу секцэ, клуб, совет, комитет, комиссэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьызэригъэпэщыну;

- ресурсхэр кьызэщІэгъэуІуэным телажьэну, нэгъэущІ мылъку хэкІыпІэхэр кьызэригъэпэщыну;

- законкІэ Организацэм ейуэ щыт мылъкур зэрихьэну, кьигъэсэбэпыну, зэблигъэкІыну;

- мылъкум пыщІа зэгурыІуэныгъэхэр, контракт зэмылІэужьыгъуэхэр игъэхьэзырыну;

- пІалъэкІэ е зэпымыууэ лажьэ Іэщ1агъэлІ гупхэр кьызэригъэпэщыну икІи абыхэм лэжьапщІэр контракткІэ яритыну;

- Организацэм и кьызэгъэпэщыкІэр езым иубзыхуну, аппаратым хэтхэр штаткІэ кьищтэну, апхуэдэ цІыхухэмрэ Іуэхум кьыхахщэ лэжьакІуэхэмрэ лэжьапщІэ, саугъэтхэр зэрырат щІыкІэмрэ ахэр зыхуэдизымрэ иубзыхуну;

- Іуэху зезыхьэ зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьызэригъэпэщыну;

- печатым и продукцэр, аудиовидеопродукцэр, организацэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэхэм ятещІыхьауэ игъэхьэзырыну, кьыдигъэкІыну, ищэну;

- егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, зэхэщІыкІыр кьэІэтыным пыщІа Іуэхуэхэр иригъэкІуэкІыну.

3.2. Организацэм зэфІигъэкІыну хуитщ фейдэ кьыхуэзыхь лэжьыгъэхэр, сыту жыпІэмэ ахэр абы уставкІэ кьыпэщыт къалэнхэр дэгъэкІыным пыщІа икІи абыхэм езэгъ Іуэхуэхэр.

Организацэм и устав мурадхэр зригъэхъулІэн папщІэ Урысей Федерацэм и иджырей законодательствэм тету хуитныгъэ иІэщ:

- тхыгъэхэр тедзауэ кьыдэгъэкІыным елэжьыну;

- полиграфием и ІэнатІэм щылэжьэну;

- сурэт техыным елэжьыну;

- хьэпшып цІыкІуфэкІуэхэр розницэ сатум щищэну.

Езым иІэ хуитныгъэхэм кьриубыдэу Организацэр ядолажьэ сату щІыным пыщІа ІэнатІэхэм, жылагъуэ, щІэныгъэ Іуэхущ1апІэхэм, властым законхэр кьыдэзыгъэкІ и органхэмрэ Іуэхущ1апІэ органхэмрэ, нэгъэущІ къэралхэм я зэгухьэныгъэхэм, адрей юридическэ ІэнатІэхэмрэ цІыху щхьэхуэхэмрэ.

3.3. Урысей Федерацэм иджыпсту зекІуэ и законодательствэм ипкъ иткІэ Организацэм и къалэнщ:

- Урысей Федерацэм и законодательствэм, дуней псом къыщалъытА хабзэу, мардэу езым зэрихьэ лэжьыгъэм кьыхуэгъэзащэм, апхуэдэу мы Уставым кьигъэув мардэхэм тетыну;

- жылагъуэ зэгухьэныгъэр къералым и цІэкІэ итхыну унафэ кьэзыщІа органым Организацэм и лэжьыгъэм зэрыпищэмкІэ гъэ къэс хъыбар иригъэщІэну икІи Юридическэ ІэнатІэхэм я къэрал реестрым кьызэрыщагъэпЪагъуэм тету организацэм и унафэщІ органыр ипэжыпІэкІэ здэщыІэ щыпІэр, а органым зэрědжэр, унафэщІхэр кьыщигъэлъэгъуэну;

- жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къэралым и цІэкІэ тхыным теухуауэ унафэ кьэзыщІэ органыр кьызэрыщІэупщІам ипкъ иткІэ Организацэм и унафэщІ органхэмрэ кьулыкъущІэхэмрэ кьащта унафэхэр хуигъэхьыну. Апхуэдэу лэжьыгъэм пыщІа бжьгъэхэр налог органхэм кьызэрагъэувым хуэдизу иритыну;

- жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къэралым и цІэкІэ тхыным теухуа унафэ кьэзыщІэ органым и лІыкІуэхэр Организацэм зэхэщІыкІ лэжьыгъэм щыгъуазэ защІын папщІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къэралым и цІэкІэ тхыным теухуа унафэ кьэзыщІэ органым и лІыкІуэхэм зыхуеину Іэмалхэр кьахуэзэригъэпэщыну;

- езым и мылъкур кьызэригъэсэбэпым теухуа отчёт гъэ къэс кьытригъэдзэну е а отчётым зыхуэфащэ псоми щыгъуазэ защІыныжкІэ зыхуеину Іэмалхэр кьызэригъэпэщыну;

- нэгъэущІ къэралхэм кьабгъэдэкІ ахъшэу, кьинэмыщІ мылъкуу кьаІэрыхьамкІэ, а ахъшэмрэ мылъкумрэ кьызыхуаутІыпща мурадхэмкІэ, ахэр ипэжыпІэкІэ кьызэрагъэсэбэпамкІэ кьэралым и цІэкІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зытх федеральнэ органым ягъэува хабзэмрэ пІалъэхэмрэ тету хъыбар иригъэщІэну.

4. Организацэм хэтхэр. Организацэм хэтхэм я хуитныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ

4.1. Организацэм хэт хъунущ юридическэ ІэнатІэ - жылагъуэ зэгухьэныгъэ дэтхэнэри.

4.2. Организацэм хагъэхьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ органым кьищта унафэм, юридическэ ІэнатІэр къэралым зэритхамкІэ щыхьэт тхылъым, жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Уставым япкъ иткІэ.

Организацэм хагъэхьэ кьрихьэлІа делегатхэм я Іыхьэ щанитІым Іэ зэраІэтам тету Конгрессым кьищта унафэм ипкъ иткІэ.

4.3. Организацэм хэтхэм хьыхьэпщІэмрэ хэтыпщІэмрэ ят, апхуэдэуи нэгъэущІ мылъкуи халъхьэ. Конгрессым кьищта унафэм ипкъ иткІэ а ахъшэр зыхуэдизыр, зэрат щыкІэмрэ пІалъэхэмрэ яубзыху. Халъхьэр зыхуэдизыр валютэм тещІыхьауэ къагъэлъагъуэ, ауэ ДАХ-м и счётым кьыхалъхьэ ахъшэр сомым хуагъакІуэ УФ-м и Банк нэхъыщхьэм зыхуэфащэ зэманым ахъшэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэхуаІэ уасэр зэриГъэувам тету.

4.4. Организацэм хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я хуитныгъэхэр зэрагъакІуэ а зэгухьэныгъэхэм хаха лЫкІуэхэм.

Организацэм хэтхэр я хуитныгъэкІэ зэхуэдэщ, кьабгъэдэхуэ кьалэнхэри зэхуэдизщ.

4.5. Организацэм хэтхэм хуитныгъэ яІэщ:

- Организацэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэ, кьызэригъэпэщ Іуэху псоми къапэрыуэ щымыІэу хэтыну;

- Организацэм и органхэу ІэІэткІэ хаххэм зыхрагъэхыну, езыхэми хахыну;

- Организацэм иригъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм я унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ программхэмрэ убзыхуным икІи ахэр зэхэлъхьэным хэтыну;

- Организацэм и Хасащхьэм (Гъэзэщ1акІуэ комитетым), Организацэм и сыт хуэдэ органми езыхэр зыхуеИ Іуэхуэхэр кьыщыхалъхьэну, щытхъуэсыхэну, щыпІэуэну;

- Организацэм щІэуэ хагъэхьэн хуейуэ кьалъытэхэр кьыхалъхьэну;

- зыхуэфащэ хъыбархэм щыгъуазэ защІыну, Организацэм зэхуихьэс бжьгъэхэмрэ Іуэхуэмрэ кьагъэсэбэпыну;

- Организацэм кьыдигъакІ тхылъхэм зыхуэфащэ тхыгъэхэр кьытрагъэдзэну;

- Организацэм и мылъкумрэ ахъшэмрэ ягъэува хабзэхэм тету кьагъэсэбэпыну;

- чэнджэщкІэ, ахъшэкІэ кьызэгъэпэщыныгъэ, кьинэмыщІ ІуэхуэмкІэ кьыдэІэпыкъун папщІэ Организацэм и унафэщІ органхэм зыхуагъэзэну;

- Организацэм кьыпэрыуэ щымыІэу кьыхэкІыжыну (апхуэдэм деж Организацэм кьыхэкІыжам иІэ ящІ1ыкІэ, адрейхэми ещхьу, Организацэм кьищта кьалэнхэмкІэ жэуап ехь илъэсым кьриубыдэу зэхуахьэс взносыр зыхуэдизым теухуауэ Организацэм и Конгрессым кьищта унафэм тету);

- езым и хуитныгъэхэр ихъумэн папщІэ Организацэм и зэфІэкІыр кьигъэсэбэпыну, езым законкІэ и сэбэп зыхэлъхэр хъумэным хуэгъэзауэ властым и кьэрал органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, судхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, абыхэм нэгъэущІ кьэралхэм щыщхэри яхэту кьыщыувын папщІэ организацэм елъэІуну.

4.6. Организацэм хэтхэм я кьалэнщ:

- Организацэм и лэжьыгъэр даІэтыну;

- Организацэм зэран хуэхъункІэ хъуну сыт хуэдэ Іуэхуми зыщадзэину;

- къэралым и законодательствэм, Организацэм и Уставым тетыну;

- Организацэм и унафэщІ органхэм езыхэм кьабгъэдэхуэ хуитныгъэхэм кьриубыдэу кьащта унафэхэр ягъэзэщІэну;

- Организацэм кьызэригъэпэщ Іуэхуэхэм хэтыну;

- Организацэм иІэ ехьулІэныгъэхэмрэ абы и лэжьыгъэм кьрикІуэхэмрэ гъэпсыгъуэным хэтыну;

- къэралхэм зэрадзлажьэм зэрагъэубгъуну, мамырыгъэр, лъэпкъхэм яку дэлъ зегурыІуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ хъумэным щІэбэныну;

- Организацэм зэрыхагъэхьамрэ абы зэрыхэтым папщІэ илъэсым хуэзэу ягъэува пщІэмрэ ятыну, апхуэдэуи нэгъэущІ мылъкуи халъхьэну;

- Организацэм и лэжьыгъэм сыт и лъэныкъуэкІи зиубгъун папщІэ абы и ахъшэмрэ мылъкумрэ гъэбэгъуэным езыхэм я зэфІэкІым кьыщырихьКІэ елэжьыну.

4.7. Организацэм кьыхэкІыжын папщІэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІ органхэм унафэ кьащтэ икІи зыхуэфащэ лъэІу тхылъыр Организацэм и Хасащхьэм (Гъэзэщ1акІуэ комитетым) ират.

4.8. Организацэм хэтар кьыхэкІыжауэ кьалъытэ лъэІу тхылъыр щита дакъикъм щегъэжьауэ.

4.9. Организацэм хэтыр абы кьыхагъэкІыж хъунущ кьэралым а зэгухьэныгъэр зэритхар зэракъутэжам, Уставыр зэримыгъэзащІэм, хэтыпщІэ ахъшэр зэримытым, Организацэр зыгъэпуд, абы и пщІэр зыгъэлъахьшэ е мылъку фІэзыгъэкІуэд Іуэхуэхэр зэрилэжьым кьыхэкІыу.

4.10. Организацэм Конгрессым и унафэкІэ кьыхагъэкІыж Организацэм и Конгрессым кьрихьэлІахэм я Іыхьэ щанитІым нэхъри мынэхъ мащІэм Іэ зэраІэтам тету.

5. Организацэм и органхэмрэ абыхэм я унафэр здынэсымрэ

5.1. Организацэм и унафэщІ орган нэхъыщхьэр Конгрессырщ.

Конгрессым и кьалэн нэхъыщхьэр Организацэр кьыщІызэригъэпэщауэ щыта мурадхэр зэгъэхьулІэнымкІэ хэкІыпІэхэр убзыхунырщ.

5.2. Конгрессыр хуей щыхъум тещІыхьауэ, ауэ илъэсищым зэ нэхъри мынэхъ мащІэрэ зэхуагъэс. И пІалъэр хэмысу Конгрессыр зэхуашэсынкІэ хъунущ:

- Организацэм и Хасащхьэм,

- Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым,

- Организацэм и Президентым,

- Организацэм и къэпщытакІуэ комиссэм (къэпщытакІуэм),

- Организацэм хэтхэм я Іыхьэ пІанэм лъабжьэ нэс иІэу ящІ1ыхьахьа Іуэхум ипкъ иткІэ.

КъыкІэлъыкІуэ Конгрессым кьекІуэлІэнухэм я бжьгъэр, ар зэрызэхуашэсыну щыкІэмрэ пІалъэмрэ Конгрессым и унафэкІэ яубзыху. КъыкІэлъыкІуэ Конгрессыр зэрызэхуагъэсым, ар зытепсэльыхьыным теухуа унафэр Организацэм хэт псоми я деж Организацэм и Хасащхьэм (Гъэзэщ1акІуэ комитетым) нетгъэс Конгрессыр зэхуэсыным зы мазэ мынэхъ мащІэ иІэжу.

5.3. Конгрессым и делегатхэм хабжэ:

- Организацэм хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэхуэсым (съездым, конференцым) Конгрессым иубзыху мардэм ипкъ иткІэ щыхаха делегатхэр;

«Адыгэ лъэпкъыр зэшэлІэжыным, хэхэс адыгэхэр адэжь хэкум зэрыпыщІам зегъэубгъуным елэжь Дунейпсо Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я союзым и УСТАВ

- Организацэм и Хасащхьэм (Гъэзэщ1акІуэ комитетым) хэтхэр;

- Организацэм и Къэпщытакіуэ комиссэм хэтхэр.

5.4. Организацэм и Конгрессым кьищтэ унафэхэм кьару яІэщ абы делегату хаха псоми я зэхуэдитІым щІигъур кьрихьэлІамэ.

Конгрессым зэрыщызэгурыІуам тету, Конгрессым и унафэхэр абы кьрихьэлІа делегатхэм я нэхъыбапІэм Іэ зэрапІэам е пхъэидзэм зэрыхэтам тету кьащтэ, абы теухуауэ мышэчыгъэ, нэгъуэщІ кьыщымыгъэльэгъуамэ.

Организацэм и унафэм хиубыдэ нэхъ Іуэхушхуэхэр кьащтэ Конгрессым кьрихьэлІа делегатхэм я Іыхьэ щанитІым нэхърэ мынэхъ мащІэм Іэ зэрапІэтам тету.

5.5. Конгрессым хуитныигъэ иІэщ Организацэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм ехьэлІа сыт хуэдэ Іуэхуми теухуауэ унафэ кьищтэну.

Зыри кьыхэлІэбэну хуимыту Конгрессым унафэ зытрищІыхьэм ящыщщ:

- лэжьыгъэм и унэтІныигъэхэу гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщІыпхъэхэр убзыхуныр, Организацэм и программэу, проекту зэман кІыхьым тещІыхьахэр кьэщтэныр, Организацэм и мылъкур зехьэныкІэ, къэгъэсэбэныныкІэ, эзблэгъэкІыныкІэ хуитныигъэхэр убзыхуныр;

- Организацэм и Уставыр къэщтэныр, Президентым, Хасащхьэм, Гъэзэщ1акІуэ гупым, Конгрессым и делегатхэм я Іыхьэ тхуанэм кьызэрыхальхьам тету Уставым зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэныгъэхэмрэ хэлъхьэныр икІи ар законым кьызэригъэувым тету егъэтхыжыныр;

- мылъку зэгъэпэщІыныр къэгъэсэбэныныкІэ хабзэхэр убзыхуныр;

- Организацэм и Президентыр, ягъэ вице-президентыр, вице-президентыр хэхыныр.

Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупыр хэхыныр, абы и отчётхэм едэІуэныгъэ ахэр къэщтэнымрэ;

- Президентым, ягъэ вице-президентым, вице-президентым, Гъэзэщ1акІуэ гупым я кьалэнхэр нэхъ пасэу ящхьэщІыхьныр;

- Хасащхьэм хэтхэр убзыхуныр;

- Организацэм и Къэпщытакіуэ комиссэр хэхыныр, Къэпщытакіуэ комиссэм хэтхэм я кьалэнхэр я пІалъэр кьэмысу ящхьэщІыхьныр, абы и отчётхэм едэІуэныгъэ ахэр къэщтэнымрэ;

- Организацэм зэрыхагъэхьэ, кьызэрыхагъэкІыж щІыкІэр убзыхуныр;

- Организацэм и аудитор Іуэхущ1апІэр е аудиторыр кьыхэхыным теухуа унафэр къэщтэныр;

- кьыкІэпІыкІуэ Конгрессым хэтынухэм я бжыгъэр, ар щекІуэкІыну щІыпІэмрэ зэманымрэ убзыхуныр;

- Организацэм и хьыхьэпщІэмрэ хэтыпщІэмрэ, апхуэдэуи нэгъуэщІ мылъкууи халъхьэр зыхуэдизыр, ахэр щат пІалъэхэмрэ зэрат щІыкІэмрэ убзыхуныр;

- Организацэм и зэхэтыкІэр зэхъуэкІыным, ар зэхуэщІыжыным пыщІа Іуэхуэм унафэ ятещІыхьыныр;

- Организацэр зэхуэщІыжыным кІэ комиссэр кьызэгъэпэщыным икІи ар щызэхуащІыжым ирихьэлІэу ягъэхьэзыра балансыр кьащтэным пыщІа Іуэхуэр дзгъэкІыныр;

- илъэсым и финанс планыр, отчётыр, балансыр кьащтэ.

6. Организацэм и Хасащхьэр

6.1. Хасащхьэр Организацэм и унафэщІ органщ икІи абы и лэжьыгъэр Конгрессхэм я зэхуакум кьриубыдэу ирегъэкІуэкІ, Организацэм кьыпэщытІ Іуэху нэхъыщхьэхэр еубзыху икІи дегъэкІ.

6.2. Организацэм и Хасащхьэм пыуухыкІауэ хэтхэмрэ абыхэм я бжыгъэмрэ илъэси 3 пІалъэм тещІыхьауэ Конгрессым еубзыху. Организацэм и Хасащхьэм хохьэ Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ комитетым хаха псори, апхуэдэу Организацэм хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм - юридическэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

6.3. Организацэм и Хасащхьэм и зэІущІэхэр ирегъэкІуэкІ хуей щыхъум тещІыхьауэ, ауэ илъэсым зэ нэхърэ мынэхъ мащІэрэ.

6.4. Организацэм и Хасащхьэр хоплъэ Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым, Къэпщытакіуэ комиссэм, Организацэм хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм кьыхалъхьэ лъэІу, зыхуэзгъэзэныгъэ тхыгъэхэм, абыхэм унафэ ятрещІыхь.

6.5. Организацэм и Хасащхьэм и зэІущІэхэм кьыщащтэ унафэхэм кьару яІэу кьалъытэ Хасащхьэм хэтхэм ящыщу процент 50 нэхърэ мынэхъ мащІэ абы кьрихьэлІамэ.

7. Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупыр (Исполкомыр)

7.1. Организацэм Конгрессхэм я зэхуакум иригъэкІуэкІ лэжьыгъэр иунэтІын папщІэ Организацэм зэпымыууэ лажьэ и унафэщІ орган - Гъэзэщ1акІуэ гуп хах.

Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупыр зэпымыууэ лажьэ органщ, Организацэм и цІэкІэ юридическэ Іэнатіэм и хуитныигъэхэр дегъэкІ, мы Уставым зэритым хуэдэу абы кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэр егъэзащІэ.

7.2. Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупыр цІыху 25-рэ нэхърэ мынэхъыбэу илъэси 3 пІалъэкІэ Конгрессым хех.

Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым хохьэ: президентыр, ягъэ вице-президентыр, вице-президентхэр, Гъэзэщ1акІуэ гупым Конгрессым хигъэхьахэр.

7.3. Гъэзэщ1акІуэ гупым хагъэхьэнухэм я кандидатурэхэр, абыхэм вице-президент псоми я кандидатурэхэри яхэту, Конгрессыр хэплъэн икІи кьищтэн папщІэ Организацэм щІэуэ хаха и президентым кьыхелъхьэ, а кандидатурэхэм Конгрессым кьекІуэлІа делегацэхэм я унафэщІхэр арэзы техьуа нэужь. Зэрыхабзэу, Гъэзэщ1акІуэ гупым хагъэхьэркъым ДАХ-м хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэу Гъэзэщ1акІуэ гупым и зэІущІэхэм унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу кьрагъэблагъэхэр.

7.4. Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым:

- Организацэм и Конгрессыр зэхуешэс, зи чэзу Конгрессыр зыхэплъэну Іуэхуэхэр еубзыху, Организацэм и Конгрессыр зытепсэлъыхьыну Іуэхуэхэр егъэхьэзыр;

- Организацэм зэман кІэщІым е зэман кІыхьым тещІыхьауэ зытелэжьэну программэхэмрэ проектхэмрэ зэхелъхьэ икІи кьещтэ;

- Организацэм уставкІэ иІэ мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ, абы и проектхэмрэ программэхэмрэ, Организацэм и Конгрессым и унафэхэр гъэзэщІэнымрэ кьызэрегъэпэщ;

- Организацэр кьэралым итхыныгкІэ унафэ кьэзэщІэ органым гъэ къэс хьыбар ирегъащІэ Организацэм и лэжьыгъэм зэрыпищэмкІэ, абы и унафэщІ органыр ипэжыпІэкІэ здэщыІэ щІыпІэмкІэ, а органым зэреджэмкІэ, Организацэм и унафэщІхэм ятеуху Іуэхуу Юридическэ Іэнатіэхэм я кьэрал реестр зэгуэтым иратхэн хуейхэм хиубыдэхэмкІэ;

- Организацэм и Уставым халъхьэну дэщІыгъуэныныгъэхэмрэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ егъэхьэзыр икІи ахэр Организацэм и Конгрессым кьиштэн папщІэ кьыхелъхьэ;

- Организацэм и цІэкІэ властым и урысей, нэгъуэщІ кьэрал органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъэкІуэ органхэм, дунейпсо, лъэпкъ, щІыналъэ зэгухьэныгъэхэм, апхуэдэу юридическэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ цІыху щхьэхуэхэмрэ я пащхьэ кьыщоув;

- Организацэм хэтхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр абы и Іэнатіэ псоми щІэ гъэкІэкІ;

6.2. Организацэм и Хасащхьэм зэрадэлажьэнымкІэ планхэр егъэхьэзыр икІи ахэр егъэзащІэ;

- Организацэм и щІыхуэхэр, мылъкур, ахъшэр зехьэныкІэ унафэщІ нэхъыщхьэщ;

- Организацэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІныигъэхэм ятещІыхьауэ Организацэм и комиссэхэр, комитетхэр, советхэр кьызэрегъэпэщ, абыхэм ятеуху положенхэр къещтэ, я лэжьыгъэр зэблегъэкІ, я илъэс отчётхэм йодаІуэри кьещтэ;

- конференцхэр, семинархэр, зэІущІэхэр, гъэпсыгъуныгъэхэр, нэгъуэщІ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр кьызэрегъэпэщ икІи ирегъэкІуэкІ;

- Организацэм и устав мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ гъэзэщІэныкІэ фІыщІэ хэха зэрапэм папщІэ ират медалхэр, саугъэтхэр, нэгъуэщІ тыгъэхэр Организацэм и лэжьыгъэм кьриубыдэу кьызэрегъэпэщ;

- филиалхэр, лІыкІуэ Іуэхущ1апІэхэр кьызэрегъэпэщ, абыхэм ятеуха положенхэр кьещтэ, я унафэщІхэр егъэув, абыхэм я лэжьапІэр зыхуэдизымрэ ар зэрат щІыкІэмрэ еубзыху, илъэс кьэс абыхэм ящІ отчётхэм йодаІуэри кьещтэ;

- Организацэм и аппаратым и штатым и зэхэтъыкІэмрэ абы хуауатІыпщ ахъшэр зыхуэдизымрэ кьещтэ;

- зэфІиГъэкІа лэжьыгъэм теухуауэ Конгрессым и пащхьэ отчёт щещІ;

- Организацэм и адрей унафэщІ органхэм хэхауэ унафэ зытращІыхьхэм ящыщыщ адрей дэтхэнэ Іуэхуэри зэблегъэкІ.

7.5. Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым и зэІущІэхэр хуей щыхъум деж, ауэ мазищ кьэс зэ нэхърэ мынэхъ мащІэрэ ирагъэкІуэкІ икІи абыхэм кьыщащтэ унафэхэм кьару яІэу кьалъытэ, Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэм ящыщу процент 50-м щІигъур кьрихьэлІамэ.

7.6. Унафэхэр Іэлэткіэ кьащтэ Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэм ящыщу зэІущІэм кьрихьэлІахэм я нэхъыбапІэм Іэ зэрапэтам тету.

8. Организацэм и Президентыр, вице-президентыр

8.1. Организацэм и Президентыр езым и щхьэкІэ Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ органщ, ар Конгрессым илъэси 3 пІалъэкІэ хех икІи аргуэру дапщэри а кьулыкъум хахьхэ хъунущ.

8.2. Организацэм и Президентым:

- Организацэм и Іуэху псори зэблэгъэкІыным унафэ трещІыхь, Конгрессымрэ Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ я унафэхэр, Организацэм и проектхэмрэ программэхэмрэ гъэзэщІэныр кьызэрегъэпэщ;

- Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым и лэжьыгъэхэм я кьызэгъэпэщ1акІуэ;

- Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэм я кьалэнхэр ятрегъашэ;

- езым иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ Организацэм и Конгрессымрэ Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ я пащхьэ отчёт щещІыж;

- Организацэм и цІэкІэ кьузыни папщІэ тхьылъ щхьэхуэ иІэн хуейкъым икІи абы и цІэкІэ кьэрал властым и органу, щІыпІэ унафэр зезыгъэкІуэ органу, Іуэхущ1апІэу, организацэу, предприятэу Урысей Федерацэми абы и щІыбкІи щІыІэхэм я пащхьэ кьыщоув;

- Организацэм и цІэкІэ договорхэм, зэгурыІуэныгъэхэм, контрактхэм Іэ щІедз, зэпсэлъэныгъэхэр ирегъэкІуэкІ, Іуэху пыухыкІахэр дегъэкІ, доверенностхэр ет;

- Организацэм и ахъшэр щІэзэрагъэкІуэ счётхэр банк Іуэхущ1апІэхэм кьыщызэІуех икІи финанс документхэм япэу Іэ щІэзыдзыр аращ;

- Гъэзэщ1акІуэ гупым игъэува мардэхэм тету Организацэм и мылъкумрэ ахъшэмрэ зэблегъэкІ;

- Организацэм и Конгрессым, Хасащхьэм, Гъэзэщ1акІуэ гупым я унафэхэм, Организацэм кьыдигъкІ адрей документхэм Іэ щІедз;

- Организацэм и Конгрессыр зыхэплъэнухэмкІэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр кьыхелъхьэ;

- Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым зэрыгурыІуам тету улахуэхэр егъэув, Организацэм и аппаратым штаткІэ щылэжьэнухэр кьещтэ икІи ІуегъэкІыж, Іуэхущ1апІэм и кІуэцІкІэ щызекІуэ хабзэхэмрэ лэжьакІуэхэм яІэ кьыхэнэмрэ ящхьэхуэ;

- бухгалтер учётымрэ отчётымрэ кьызэрегъэпэщ;

- Организацэм и Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэмрэ абы и лІыкІуэхэм я Іуэхущ1апІэхэмрэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм кІэлъоплъ;

- юридическэ Іэнатіэхэмрэ цІыху щхьэхуэхэмрэ ахъшэ егъэпшыныжыным и лъэныкъуэкІэ Организацэм и цІэкІэ кьоув;

- ДАХ-м и адрей органхэм я унафэхэм химыубыдэ кьинэмыщІ кьалэнхэр егъэзащІэ.

8.3. Ягъэ вице-президентыр Конгрессым илъэси 3 пІалъэкІэ хех икІи аргуэру дапщэри а кьулыкъум хахьхэ хъунущ.

8.4. Ягъэ вице-президентым:

- Организацэм и цІэкІэ кьузыни папщІэ тхылъ щхьэхуэ иІэн хуейкъым икІи абы и цІэкІэ кьэрал властым и органу, щІыпІэ унафэр зезыгъэкІуэ органу, Іуэхущ1апІэу, организацэу, предприятэу Урысей Федерацэми абы и щІыбкІи щІыІэхэм я пащхьэ кьыщоув;

- Организацэм и Конгрессым, Хасащхьэм, Гъэзэщ1акІуэ гупым я унафэхэм зэблегъэкІ;

- Организацэм и Конгрессым, президентым кьыхуагъэувэ пщэрылъ щхьэхуэхэр егъэзащІэ;

- Организацэм фейдэ кьыхуэзыхь Іуэхуэхэр ирегъэкІуэкІыныжыным лэжьыгъэхэр кьызэрегъэпэщ;

- жылагъуэ ІуэхуэхэмкІэ, программэмкІэ, проектхэмкІэ нэгъуэщІ жылагъуэ программэхэм хэтыныжыным, нэгъуэщІ кьэрал жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядалэжьэныжыным зыхуэфащэ Іуэхуэхэр егъэхьэзыр;

- Организацэр мылъкуэкІэ кьызэгъэпэщыныжыным и лэжьыгъэхэр зэблегъэкІ;

- президентыр щІыщымыІэм и дежи абы и кьалэнхэр егъэзащІэ;

- Организацэм и адрей органхэм я унафэм химыубыдэ кьинэмыщІ Іуэхуэхэр зэблегъэкІ.

8.5. Вице-президентыр Конгрессым илъэси 3 пІалъэкІэ хех икІи аргуэру дапщэри а кьулыкъум хахьхэ хъунущ.

8.6. Вице-президентым:

- ДАХ-м иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІныигъэхэм ящыщу ДАХ-м и президентым и унафэкІэ пщэрылъ кьыщищІам и нэІэ тригъэтщ;

- Гъэзэщ1акІуэ гупым ДАХ-м и президентым и пщэ кьралъхьэ Іуэхуэхэр егъэзащІэ;

- ДАХ-м и адрей органхэм я унафэм химыубыдэ кьинэмыщІ кьалэнхэр ирехьэкІ.

8.7. ДАХ-м и аппаратым штаткІэ щылажьэхэм ятохуэ лэжьыгъэмкІэ, социальнэ пенсэ ІуэхуэхэмкІэ Урысей Федерацэм и законодательствэм кьигъэувэхэр.

9. Организацэм и къэпщытакІуэ комиссэр

9.1. Къэпщытакіуэ комиссэр Организацэм и кІэлъыплъакІуэ органщ. Абы цІыхуи 5 хэтщ икІи езыр Конгрессым и унафэм щІэтщ.

Къэпщытакіуэ комиссэм хэтхэмрэ абы и унафэщІымрэ Конгрессым илъэсищкІэ пэжьэну хех.

9.2. Къэпщытакіуэ комиссэм хагъэхьэ хъунукъым Организацэм и Хасащхьэм, Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэр, Организацэм и аппаратым и лэжьакІуэхэр.

Къэпщытакіуэ комиссэм хэтхэм хуитныигъэ яІэщ Организацэм и устав, финанс, хьэрычэт лэжьыгъэхэм япыщІа и документу езыхэр зыщІэзыщІэхэр Организацэм и унафэщІхэм кьыІахыну.

9.3. Организацэм и къэпщытакІуэ комиссэр кІэлъоплъ законодательствэмрэ мы Уставымрэ къагъэувэхэр гъэзэщІа зэрыхъум. Абы гъэ къэс кьепщытэ Гъэзэщ1акІуэ гупым, абы и фондхэм, Іуэхущ1апІэхэм, предприятэхэм я финанс, хозяйствэ, хьэрычэт Іуэхуэхэр икІи ахэр кьыщыгъэльэгъуа актхэр Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ Организацэр езыгъэтхэхэмрэ яхуегъэхьыж.

Президентым, Гъэзэщ1акІуэ гупым, Организацэм хэтхэм я Іыхьэ тхуанэм кьызэрагъэувам е къэпщытакіуэ комиссэм унафэ зэрищІам тету планым хэмыт къэпщытэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ хъунущ.

9.4. Къэпщытакіуэ комиссэм и унафэщІр Гъэзэщ1акІуэ гупым, Организацэм и Хасащхьэм я зэІущІэхэм хэтщ унафэ кьыщащтэкІэ Іэ имыІэту.

9.5. Гъэзэщ1акІуэ гупым зэрыгурыІуам тету къэпщытакіуэ комиссэм езым иригъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэм зэгурыІуэныгъэхэм япэ иткІэ кьыхиишэ хъунущ экспертхэр, аудиторхэр.

10. Организацэм и зэхэлъыкІэр

10.1. Организацэм и зэхэлъыкІэм и лъабжьэщ Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуклаХэмрэ лІыкІуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ. Организацэм Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуклаХэмрэ лІыкІуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ кьыщыізэригъэпэщ хъунущ Урысейми нэгъуэщІ къэралхэми.

10.2. Организацэм и Іуэхущ1апІэ щхьэхуэщІ зэгухьэныгъэм и кьалэнхэр е абыхэм ящыщ Іыхьэр, апхуэдэу лІыкІуэ Іуэхущ1апІэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуклаР.

10.3. Организацэм и лІыкІуэ Іуэхущ1апІэщ Организацэм и сэбэп зыхэлъхэр хъумэным телажьэу нэгъуэщІ щІыпІэ щыІэ Іэнатіэ пыгъэщхьэхуклаР.

10.4. Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэмрэ лІыкІуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым и унафэкІэ зэрахъуэжьа.

10.5. Организацэм и лІыкІуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэмрэ юридическэ Іэнатіэ щытхъым икІи абыхэм Организацэм и мылъкур я Гъэзэщ1акІуэ гупым и унафэкІэ ягъэув.

10.6. Организацэм и лІыкІуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэмрэ я мылъкур баланс хэхамрэ Организацэм и балансымрэ кьыщагъэльагъуэ.

10.6. ЛІыкІуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэмрэ я лэжьыгъэр Организацэм и цІэкІэ ирагъэкІуэкІ. ЛІыкІуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэмрэ я лэжьыгъэмкІэ жэуап зыхьыр Организацэрщ.

11. Организацэм и мылъкумрэ ар къызэгъэпэщыныкІэ хэкІыпІэхэмрэ

11.1. Урысей Федерацэм и иджырей законодательствэм ипкъ иткІэ Организацэм и мылъкум хэт хъунущ щы Іыхьэхэр, унэхэр, ухуэныгъэхэр, псэупІэ фонд, транспорт, Іэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ, щэнхабзэм, щІэныгъэм, узышаГъэр хъумэным пыщІауэ къагъэсэбэп мылъкур, ахъшэр, акцэхэр, тхылъымпІэ лъапІэхэр, Организацэм кьыпэщыт устав лэжьыгъэр иригъэкІуэкІын папщІэ зыхуеину нэгъуэщІ мылъкур.

11.2. Организацэм и мылъкур кьызэрагъэпэщ а зэгухьэныгъэм хьхьэн папщІэ, абы зэрыхэтым щхьэкІэ кІыІах, нэгъуэщІ мылъку взносхэм, апхуэдэуи цІыхухэм езыхэм я жэрдэмкІэ кьыхалъхьэ мылъкум, Уставым ипкъ иткІэ Организацэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм кьыпэкІуэ мылъкум, Организацэм иригъэкІуэкІ хьэрычэт лэжьыгъэм кьыпэкІуэ фейдэм, адрей зэгурыІуэныгъэхэм, Организацэм иригъэкІуэкІ кьэралым щІыб экономикэ лэжьыгъэм, законым кьезэгъэну кьыІэрыхьэ адрей ахъшэм я хьэкъкІэ.

11.3. Организацэм юридическэ Іэнатіэм и хуитныигъэхэр зиІэ Іуэху зезыхьэ зэгухьэныгъэхэр, нэгъуэщІ Іуэхущ1апІэхэр кьызэригъэпэщ, хьэрычэт Іэнатіэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ зыхуеинухэр кьищэжу хъунущ.

11.4. Организацэм фейдэ кьыхуиныжу иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм кьыпэкІуэ хэхъуэр Организацэм хэтхэм зэхуагуэшыжыну хуиткъым икІи ар Организацэм устав кІэщІыгъэхуэ кьалэнхэр Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ псапащІэ Іуэхуэхэмрэ трагъэкІуэдэну аращ.

11.5. Организацэм езым ейщ законкІэ кьилэжьа мылъкум щыщ Іыхьэр Организацэм хэт дэтхэнэ зыми трагъэщэну хуиткъым.

Организацэм хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм - юридическэ Іэнатіэхэм езыхэм ейщ законкІэ кьалэжьа мылъкур.

ЛІыкІуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэмрэ юридическэ Іэнатіэу щытхъым икІи абыхэм Организацэм яхуихьа мылъкур зегъэкІуэныжыным хуитныигъэ яІэу аращ.

11.6. Организацэм езым бгъэдэлъ мылъкур къигъэсэбэп хъунущ Урысей Федерацэм и законодательствэм, мы Уставым кьезэгъэу икІи Организацэм и устав мурадхэр гъэзэщІэным тету.

11.7. Организацэм кьыІэрыхьа мылъкур, апхуэдэу езым кьилэжьа мылъкур Организацэм и цІэкІэ зэблегъэкІ зэпымыууэ лажьэ абы и унафэщІ органым - Организацэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым.

11.7. Организацэм оперативнэ бухгалтер, статистикэ учетыр иригъэкІуэкІ УФ-м и иджырей законодательствэм зэрыщыгъэувам тету.

12. Организацэм и зэхэлъыкІэр зэрызэрахъуэкІ, ар зэрызэхуащІыж щІыкІэр

12.1. Организацэм и зэхэлъыкІэр Конгрессым и унафэкІэ зэрахъуэжьа, апхуэдэ унафэм папщІэ Организацэм и Конгрессым и делегату кьекІуэлІахэм я Іыхьэ щанитІым нэхърэ мынэхъ мащІэм Іэ яІэтамэ.

12.2. Организацэм и зэхэлъыкІэр зэрахъуэжьа нэужь абы и мылъкур щІэуэ кьызэрагъэпэща юридическэ Іэнатіэхэм иратыж Урысей Федерацэм и иджырей законодательствэм кьызэрыщыгъэльэгъуам тету.

12.3. Организацэр зэхуащІыж хъунущ Конгрессым и унафэкІэ, апхуэдэ унафэм папщІэ Организацэм и Конгрессым и делегату кьрихьэлІахэм я Іыхьэ щанитІым нэхърэ мынэхъ мащІэм Іэ яІэтамэ, апхуэдэу судым и унафэкІэ. Организацэр зэхуащІыж е абы и зэхэлъыкІэр зэрахъуэкІ Урысей Федерацэм и иджырей законодательствэм кьызэрыщыгъэльэгъуам тету.

12.4. Организацэр щызэхуащІыжым деж абы и мылъкумрэ ахъшэмкІэ щІыхуэхэр япшыныжри, кьэнар Организацэм и устав мурадхэр дэгъэкІыным трагъэкІуадэ икІи а ахъшэмрэ мылъкумрэ Организацэм хэтхэм трагъэшэну хуиткъым.

12.5. Организацэр зэхуащІыжа нэужь абы и документхэр законым кьызэрыщыгъэльэгъуам тету Къэрал архивым ират абы щахъумэн папщІэ.

12.6. Организацэр зэрызэхуащІыжым теуху унафэр Организацэр зытха органым хуагъэхь ар Юридическэ Іэнатіэхэм я къэрал реестыр зэгуэтым ирахыжын папщІэ.

12.7. Организацэр зэхуащІыжауэ, езы Организацэм и лэжьыгъэр иухауэ я кьалъытэ абы теуху тхылъэр Юридическэ Іэнатіэхэм я къэрал реестым кьыщагъэльэгъуа нэужь.

13. Организацэм и Уставым зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэныгъэхэмрэ зэрыхалъхьэ щІыкІэр

13.1. Организацэм и Уставым зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэныгъэхэмрэ Конгрессым и унафэкІэ халъхьэ, апхуэдэ унафэм папщІэ Организацэм и Конгрессым и делегатхэм ящыщу кьрихьэлІахэм я Іыхьэ щанитІым нэхърэ мынэхъ мащІэм Іэ яІэтамэ.

13.2. Уставым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэныгъэхэмрэ Организацэм и Конгрессым кьищта нэужь къэралым ирагъэтхын хуейщ.

13.3. Организацэм и Уставым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэныгъэхэмрэ къэралым ирагъэтх Урысей Федерацэм и иджырей законодательствэм зэрыщыгъэува щІыкІэм тету.

13.4. Организацэм и Уставым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэныгъэхэмрэ кьару яГъуэт ахэр къэралым итха нэужь.

Налшык къалэ, 2016 гъэ

Хьэтхэмрэ адыгэхэмрэ

Хама къалэм и бззэрыр мывэ сэрейкIэ къэщIыхьащ. Абы зы мывэ пхъэбгъу хэлъащ. Мывэ пхъэбгъум и щIыфэм тхыпхъэщIыпхъэ хьэлэмэтхэр телъти, арагъэнт ар хьэрыпхэм тхъэм и пащхьэм кьикIауэ кьыщIалъытэр. Зыми ищIэртэкъым ар кьыздикIари тхыпхъэщIыпхъэ тезыдзари: хами трагъапльэртэкъым, езы хьэрыпхэм фIэкIа.

ЕВРОПЭМ кьикIа зыпIэныхьакIуэ гуэрым, Иоганн Людвиг Буркхардкlэ зэфIэкъуэм, XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Сирием кIуаэу, гу лъитащ мывэ пхъэбгъум. Буркхард, дауи, и пщIыхьэпIи кьыхэхуакъым Хама бзэзрым зыщIихьэпIа мывэ пхъэбгъу пасэрей къэралыгъуэм зэрикъуалхуэр. Буркхард и ужькIэ илъэс Iэджэ дэкIаеуэщ Хама мывэ пхъэбгъур щIэныгъэлIхэм щапэщIэхуар. Епщыкlубгъуанэ лIэщIыгъуэм икуэм деж мывэ пхъэбгъум и гипс копие Британ музейм къыщIэхутащ.

Апхуэдэ щыкIэкIэ «дунейм кьытехьэжащ» Хеттэ къэралыгъуэр.

Хетт къэралыгъуэр дунейм зэрытетар зэращыгъупщэжра илъэсищэ Iэджж блэкIат. Зыми игу къэкIыхьэртэкъым апхуэдэ къэралыгъуэ щыIауэ. Ауэ ар пасэрей Къуэкlыпlэм щынэхъ лъэщ дыдэ къэралхэм ящыщ зыуэ щытащ зэгуэр.

Хетт къэралыр илъэс минипlI илъэкIэ зэфIэуващ, щызэфIэувар Аэзэжьейм (иджырей Тыркум) и гупсэрщ, илъэс щитху нэблагъэкIэ псэуащ. Къэралыгъуэм и кьалащхьэр, Хьэтушашкlэ зэджэу щытар, иджырей тырку кьуажэ Богазкъуей деж щысащ (Анкъэрэ и кьуэкIыпIэмкIэ, километр щитI хуэдизкIэ пэжыжьэу). Хеттхэм я къралым жьжьэ зиубгъурт, кьэблэмкIэ Сирием нэсырт, ищхьэрэкIэ тенджыз ФIыцIэм еуалIэрт. Хетт пащтыхьэм я гъунэгъу къэралхэм иращIылIэу щыта зауэхэр щыхьэт тохьуэ абыхэм къаруушхэр зэрабгъэдэлъым. Ди эрэм и пэкIэ 1600 гъэм хетт пащтыхь Муршылl Езанэм Вавилоныр ирибыдыгащ. Пасэрей Египетым и фирхьэун нэхъ лъэщ дыдэ Рамзес ЕтIуанэр, хеттхэм зауэ кьарищIылIэри кьапэмыльэщауэ, икIуэтыжыгащ. Рамзес хеттхэм закърипщытыжакъым абы и ужькIэ.

Апхуэдэ кьару ябгъэдэлъащ хеттхэм, абыхэм я хэкр ящыщ кьызэпрыкIа пIэпкъ хьыжьэ гуэрым ирибыдыху. Хым кьызэпрыкIа пIэпкъым ирибыда нэужь, Хетт къэралым кIэ игъуэтащ, иужькIи зыкъиIэтыжакъым.

Хэт хъуну хеттхэр, дэнэ ахэр кьыздикIар, я кIуэдыжьыпIэ хъуари сыт?

ЩIэныгъэлIхэр Iэджэрэ елIэлIащ хеттхэр Азэжьейм кьыщыкъуарэ нэгъуэщI щыIпIэ кьиКIарэ кьахуэрыщIэу. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэри хеттхэм я бзэм зыри зэрыщымыщIэу.

ЕтIуанэ лэщIыгъуэм и пэщIэдзэм чех щIэныгъэлI Б. Грознэм, икIэм-икIэжьм къыхуащ куэд щIауэ ду-нейм темытыжь хеттыбзэр. КъызэрыщIэкIамкIэ, а бзэр индоевропей бзэхэм ящыщт. Хеттыбзэр иужькIэ зыджа щIэныгъэлIхэри акъылэгъу дэхуащ Грознэм. Иджы зыми шэч къытрихьэжьыркъым хеттыбзэр индоевропей бзэхэм зэрабгъэлъам. Абы къыкIэрыгурыIуэгъуэ: хеттыбзэр индоевропей бзэхэм щаблагъэкIэ, абы ирипсалъэу щытахэр, Хетт къэралыгъуэр зыуэхуахэр, Азэжьейм къыщыхъуакъым, атIэ нэгъуэщI щыIпIэ кьиКIащ.

Ар пэжщ. Хеттэр нэгъуэщI щыIпIэ кьиКIри (кьыздикIар зыми ищIэркъым), Азэжьейм къэралыгъуэ щауэхуащ. Абы шэч къытрихьэркъым иджырей щIэныгъэм.

Нэгъуэщ щыIпIэ кьикIа хеттхэр Азэжьейм кьыщихьам щыгъуэ абы зыри имысуэу пIэрэ, хьэмэ хеттхэр абы кIуэн и пэ ар нэгъуэщI лъэпкъ гуэрым и псэупIэу щыгъэр?

Нэмыцэ щIэныгъэлI Г. Винклер 1906 гъэм Богъазкъуей кьуажэм и Iэгъуэблагъэр, хеттхэм я кьалащхьэ здиса щыIпIэр, кьитIэщыжащ. А кьуажэм деж кьыщагъэтащ хетт пащтыхьэм я тхыпхъэр, пасэрей бзэжь зыбжанэкIэ тхауэ. Абыхэм зы бзэ гуэр кьахэкIащ, иужьым кьызэрахутамкIэ, хеттхэм я пэ Азэжьейм (Азие цIыкIум) иса лъэпкъ ирипсалъэу щытауэ. ЩIэныгъэлIхэр а бзэм йоджэ протохеттыбзэкIэ, нэгъуэщIу жьпIэмэ, хеттхэм я пэ псэуа лъэпкъым и бзэкIэ. Хеттхэм я пэ Аэзэжьейм исар хьэткIэ зэджэ лъэпкъыирт. Хьэтхэм я бзэм щIэныгъэлIхэр нобэ протохеттыбзэкIи хьэтыбзэкIи йоджэ.

Хьэтыбзэм ирипсалъэ лъэпкъыр Азэжьейм исащ абы хеттхэр кIуэн ипэкIэ. КьызэралъытэмкIэ, хьэтхэм я лъэпкъыцIэр нэгъуэщI щыIпIэ кьиКIыу Хетт къэралыгъуэр зыцIухуахэм зыфIащыжауэ щытащ. Хьэтхэм я бзэр кьэхута хуэакъым иджыри кьэс. Ауэ шэч хэлъкъым: ар индоевропей бзэхэми семитыбзэхэми хьыхьэркъым.

Сыт хьэтыбзэм и щхэр иджыри кьэс кьащIыхуэмыщIэр? Ар нэхъыбэу кьызыхэкIыр хьэтыбзэкIэ тхауэ кьэнар зэрымащIэрщ, а мащIэри пычахуэщ (хетт тхыгъэхэм хэзэрыхьауэ). А бзэм ирипсалъэу щыта хьэтхэм я лъэужьыр кIуэдащ абыхэм я хэкум хеттхэр, индоевропей лъэпкъэр кьизэрыха нэужь. Хеттхэр езыхэр зэрызэджэжу щытар неситщ.

ЩIэныгъэлIхэм къахутащ хьэтхэм яжь хеттхэм (неситхэм) зэращIихуар. Абы щыхьэт тохьуэ мы зы щапхъэри: хеттхэм (неситхэм) культуру, дин псальэхэу къагъэсэбэпу щыта псори хьэтхэм я бзэм кьыхахащ. Аркъудейкъым. Хеттхэм (неситхэм) цIэуэ зыфIащу щытар хьэтыщIащ.

КIэщIу жьпIэмэ, хьэтыбзэм и щхэр кьэпхутэн папщIэ, Iэмал гъуэзэджэхэр щыIащ. Иджыри зэ гу лъыбыдогъатэ: хетткIэ зэджэр нэгъуэщI щыIпIэ кьиКIа (Азэжьейм изэрыгуа) индоевропей лъэпкъщ, ахэр езыхэр зэрызэджэжу щытар неситщ; хьэтхэр абыхэм я пэкIэ зи гугъу тщIы хэкум иса лъэпкъщ.

ИщхьэкIэ зэрыщыкьыIащи, хьэтыбзэр индоевропей бзэхэми семытыбзэхэми екIуалIэркъым. Хьэтыбзэр зыджахэм кьахутащ абы дежкIэ эргативнэ псальэухэ ухуэкIэр зэрыхэбзэр, хьэт глагол псальэхэр зэрыпрефиксыбзэр, а префиксэм сыт щыгъуи увыпIэ белджылы псальэм зэрыщIэр. Абы кьыхэкIкIэ щIэныгъэлIхэм хуагъэфэщащ а хабзэкъэ щыхьэкIуэ кавказыбзэхэм хьэтыбзэр я благъэу щытынкIэ зэрыхъунур. Пасэрей Азэжьейм иса лъэпкъхэм я бзэхэр зыджа щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэр акъылэгъуэ абыкIэ. А бзэхэр нэхъ куу дыдэу зыджахэм ящыщ зым, болгар щIэныгъэлI В. Георгиевым, шэч лъэпкъ кьытримыхьэжу, хьэтыбзэр хебжэ кавказыбзэхэм. (Еплъ ж. «Вопросы языкознания», 1954, №4, 71-нэ нап.) Абы зэриутхымкIэ, хьэтыбзэмрэ кавказыбзэхэмрэ зэмыблагъэу жьпIэн папщIэ, щхьэусыгъуэ бгъуэтынукъым. Ар дэнэ къэна, щхьэусыгъуэ псори щыхьэт тохьуэ а бзэхэр зэрызэIыхьлым, зы лъабжьэ зэрагъэм, абыхэм зылъ зэращIэтым.

Мыбдежым гу лъытэн хуейщ: хьэтыбзэр джыным пылъа щIэныгъэлIхэр, кьанэ щIагъуэ щымыIэу, акъылэгъу мэхъу кавказыбзэхэм щыщу хьэтыбзэм нэхъ благъэ дыдэу бгъэдыхьэр адыгэбзэр ару зэрыщытымкIэ.

Академик Арн. Чикобавэ етх: «Ямылейуэ зыри хэлъкъым пасэрей Азэжьейм щыIа хьэтыбзэмрэ иджырей адыгэбзэмрэ зэблагъэу кьыщIэкIыным». (Еплъ: Ученые записки Адыгейского научно-исследовательского института языка, литературы и истории. Мейкьуапэ, 1963, т. 2, 24-нэ нап.) В. Георгиевым 1954 гъэм итхащ: «Хьэтыбзэр, шэч лъэпкъ хэмылъу, кавказыбзэхэм я Iыхьлыщ. Хьэтыбзэм и хабзэ нэхъыщхьэм - префиксацэм - узэщIихьэлIэ а бзэхэрщ. Хьэтыбзэм узэщIихьэлIэ ушахэб (тхьэ) псальэр адыгэбзэм хэт ущхьэуэ псальэр ару зэрыщытыр нэрылъагъущ». (Еплъ: ж. «Вопросы языкознания», 1954, №4, 70-нэ нап.)

Профессор Г. А. Меликишвили, хьэтыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэрызэзблагъэм щыхьэт техъуэу, етх: «ГъэщIэгъуэнкъэ мыр: хьэтыбзэмрэ иджырей адыгэбзэмрэ куэдкIэ зокIуалIэ, псальэм папщIэ, «тхъэ» мыхьэнэ кьызэрыкI псальэр хьэтыбзэми адыгэбзэми я зэхуэдэщ (хьэтыбзэкIэ - ушхэб, адыгэбзэкIэ - ущхьэуэ). (Еплъ: Г. А. Меликишвили, Наири-Урарту. Древневосточные материалы по истории народов Закавказья. Тб., 1954, 71-72-нэ нап.)

«О структурном сходстве хаттского языка с языками северо-западного Кавказа» статьям профессор И. М. Дунаевскэм щитхащ: «Структура и лъэныкъуэкIэ хьэтыбзэмрэ абхъазадыгэбзэмрэ зэбгъэпщэнчи и чэзыуэ икIи захуагъэ кьэпытэн хуейщ». (Еплъ: Исследования по истории культуры народов Востока. Сборник в честь академика И. А. Орбели. М.-Л., 1960, 75-нэ нап.).

Абы кьыщымынэу, Дунаевскэм адэкIи кьыпещэ: «ЗыхуэIуа щыIэкъым, хьэт тхыбзэхэм абхъаз-адыгэбзэхэр зыджхэм гулъытэ нэхъ хуащIмэ, а бзитIыр я структурэ и мызакъуэу, материальнэкIи зэблагъэу кьыщIэкIыныр». (Ардыдэм, 77-нэ нап.).

А. Кондратовымрэ В. Шеворошкиныврэ мыпхуэдэу итхащ: «Иужьрей илъэхэм щIэныгъэлIхэм трагъэчныпхъ КъуфхэпIэ Кавказым и лъэпкъхэм (адыгэхэм, абхъазэхэм, абазэхэм) я бзэхэмрэ хьэтыбзэмрэ зэблагъэу зэрыщытым. ЩIэныгъэлI зыбжанэм ялытэ пасэрей адыгэхэмрэ абхъазэхэмрэ я лъэпкъэгъуэ Азэжьейм исауэ». (Еплъ: ж. «Знание - сила», 1964, №3, 24-нэ нап.).

Хьэтыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэблагъэнкIэ хъуну зэрыщытым гу зэрылъатэрэ зыбжанэ щIащ. Япэ дыдэ абы гу лъызытар нэмыцэ щIэныгъэлI Эмиль Форрерщ. Ар къэхутэным елIэлIащ Ю. Мессароши (абы 1934 гъэм убыхьбзэм теухуа тхылъышхэу кьыдигъэкIащ; убыхьбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэблагъэ дыдэщ, убыхьэр Тыркум Iэпхъуэри адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ).

ИщхьэкIэ зэрыщыжьыIащи, хьэтхэм я лъэужьыр тхыдэм хокIуэдэж, абыхэм я хэкур индоевропей лъэпкъхэм - хеттхэм (неситхэм) - яубыда я хэкур хеттхэм яубыда нэужь?

Хузэгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, хьэтхэм ящыщ куэд я хэкур зыубыда хеттхэм яхэшыпсыхьыжащ. Ауэ ар псоми кьащыщIакъым.

Индоевропей зэрыпхъуакIуэхэм хьэтхэм я хэкур яубыда нэужь, Азэжьейм и ищхьэрэ щыIналъэхэм, тенджыз ФIыцIэм и благъэу, лъэпкъ лъэщ гуэрым, кашкэкIэ зэджэу щытам, и цIэ кьыщыIуащ. Кашкэхэр Хетт (несит) къэралыгъуэм хьыхьэу щытахьым; ахэр Галис (иджы Къызылирмакъ) псым и тенджыз хэхуэжьпIэм тесащ, тенджыз Iуфэр яIыгъуэ.

ЩIэныгъэлIхэм зэхуэхуагъэфащэмкIэ, кашкэхэр хеттхэм (неситхэм) хэкум кьрахуа хьэтэращ.

«Кашкэхэмрэ Азэжьейр зыIыгъа хьэтхэмрэ лъыкIэ зэблагъэщ», - етх Г. Г. Георгадзе. (Еплъ: Г. Г. Георгадзе. Из истории племён, проживавших к северу и северо-востоку от Хеттского государства (кашки). Автореферат. 1956, 3-нэ нап.)

Нэхъ белджылыуэ ардыдэр жеIэ профессор Г. А. Меликишвили: «ЩIыпIэцIэхэр щыхьэт тохьуэ кашкэхэр хьэтыбзэкIэ псальэу зэрыщытам».

Абы кьикIыр зыщ: хьэтхэмрэ кашкэхэмрэ щыIэблагъэкIэ, дауи, кашкэхэр адыгэхэм я благъэщ. Абы щэч кьытрахьэрхьэм щIэныгъэлIхэм. Профессор Меликишвили етх: «Кашкэхэм я лъэпкъыцIэмрэ адыгэхэм я лъэпкъыцIэмрэ куэд щIауэ зэрагъапщэ: пасэрей грузинхэр адыгэхэм кашагкIэ еджэу щытащ, пасэрей урысхэр - касогкIэ; хьэрпи тхакIуэхэм, псальэм папщIэ, Масуди, адыгэхэм щхьэкIэ кашак жаIэу щытащ. (Еплъ: ж. «Вестник древней истории», 1962, №1, 64-нэ нап.)

Абы щыIгъужьи хуейщ: адыгэхэм, псальэм папщIэ, кьэзэрдейхэм, лъэпкъ зыбжанэ (осетинхэр, сонхэр) иджыри кьэс а пасэрей цIэмкIэ (кашкэ) кьоджэ.

Дигу кьэдгъэкIыжьыпхъэщ: курыт лIэщIыгъуэхэм грекхэмрэ римлянхэмрэ адыгэ лъэпкъ гуэрым апшилкIэ кьеджэу щытащ.

Г. А. Меликишвили а псальэр ирегъапщэ пасэрей ассирий, хетт документхэм узыщрихьэлIэ абешлэ цIэм; а цIэр «кашкэм» и синонимщ е, нэгъуэщIу жьпIэмэ, «кашкэми» «абешлэми» къарыкIыр зыщ - а тIыри адыгэхэм я благъэ пасэрей хьэт лъэпкъыжьым и цIэщ. Ар тегъэщIапIэ ищIурэ, профессор Меликишвили мыпхуэдэу итхащ: «Ар щыхьэт тохьуэ кашкэхэр Кавказ Ищхъэрэм щыщ лъэпкъхэм зэраблагъэм икIи, шэч хэмылъу, кашкэхэм Кавказ Ищхъэрэ зэкIыпIэ яIэу кьыщIэкIынущ. Кашкэхэр хьэтхэм я благъэу зэрабжым кьикIыр а кашкэхэр кавказ лъэпкъхэм зэраблагъэрщ. А благъагъэр аргуэру зэ щыхьэт тохьуэ а лъэпкъхэр (зи гугъу ищIыр адыгэхэмрэ абхъазхэмрэщ. - Къ. Хь.) Азэжьейм пасэ дыдэу иса хьэтхэм я благъэу зэрыщытым». (Еплъ: Г. А. Меликишвили. Наири-Урарту, 77-нэ нап.)

Азэжьейм (Азие цIыкIум) адыгэхэм я благъэ лъэпкъ зэрисам щыхьэт тохьуэ абы узыщрихьэлIэ щыпIэцIэхэри. Г. А. Меликишвили зэриткIыжьмкIэ, а щыIпIэцIэхэм «хьэкъыу уи фIэщ ящI абыхэм адыгэхэм благъагъэ хьакъузIэ лъэпкъ зэрисар». Азэжьейм ита пасэрей кьалэжь гуэрым Арипсекlэ йоджэ; Меликишвили зэритхымкIэ, а кьалэм и цIэр адыгэ псалъэ «псым» кьытекIащ (кьалэр псы Iуфэм Iусащ).

АдыгэцIэ куэд, кьинащ Къуфхэпlэ Грузиеми. И. Джавахишвили, С. Джанашиа, Г. Рогавэ сымэ, нэгъуэщIхэми зэратхымкIэ, ар щыхьэт тохьуэ КъуфхэпIэ Грузием адыгэ лъэпкъ зэрисам. А щIыпIэр - КъуфхэпIэ Грузиер - профессор Меликишвили кьелытэ адыгэхэр зэрысу щыта щIыналъэхэр - Азэжьеймрэ ИщхъэрэкIэ Кавказымрэ - зэзыпхыу щытаущ. (Еплъ: ж. «Вестник древней истории», 1962, №1, 36-нэ нап.).

1960 гъэм Мейкьуапэ и Iэшэлъашэм мывэ пхъэбгъу гуэр кьыщIэгъэтыгъащ. Абыи, Хама бззэр мывэ пхъэбгъум ещхьу, тхыпхъэщIыпхъэхэр хэщIыхьащ. А тхыпхъэщIыпхъэхэр джным и ужь итащ Г. Ф. Турчаниновыр. Мейкьуапэ мывэм тет льэрфхэр библиоЗ псевдиероглифическэ тхыбзэкIэ зэджэм зэрыщыщыр нэрылъагъущ, ауэ гурыIуэгъуэтхъэм я хьэрфхэм сыт хуэдэбзэм щыщ псалъэ кьаIуатэми. Зыбжанэрэ елIэлIа нэужь, Турчаниновыр кьихутащ Мейкьуапэ мывэ пхъэбгъум и ныбжьыр ди эрэм и пэкIэ XII - XIII лIэщIыгъуэхэм зэрынэсцыр икIи абы тетхар зэрыабхъаз псалъэр (абхъазыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэблагъэ дыдэщ, тIури зэгуэрым зы бзэм кьытепщIыкIащ).

Ди къэралым иджыри кьэс кьыщагъэтакьым Мейкьуапэ мывэ пхъэбгъум тет тхыгъэм ныбжькIэ пэхъун тхыгъэ. Ауэ аракъым нэхъ гъэщIэгъэныр. Нэхъ гъэщIэгъэныр... ар хетт ьхэрфкIэ зэрытхащ. ГурыIуэгъуэу ди гугъэщ ар щыхьэт зытетхъэр.

1963 гъэм ШэшэнИнгуш тхылъ тедзапIэм кьыщыдэкIащ профессор Ю. Д. Дешериевым и лэжьыгъэшхэр. Пэжыгъэм и цIэ кьудейми куэд кьыбжеIэ: «Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов».

Нахыбзэхэм (шэшэныбзэмрэ ингушыбзэмрэ) я тхыдэр щIипIыкIа нэужь, профессор Дешериевым и фIэщ хьуащ, япэрауэ, Кавказ благъысыбзэхэр (дагъыстанныбзэхэр, шэшэн-ингушыбзэхэр, абхъаз-адыгэбзэхэр) зэрызэблагъэр, етIуанэрауэ, а бзэхэм ирипсалъэхэр пасэрей Азэжьейм иса лъэпкъхэм зэрагухьэр, ещанэрауэ, кавказ бгырыс лъэпкъхэмрэ пасэрей Азэжьейм иса лъэпкъхэмрэ зэхуэдэ благъагъэр нэхъ кьэжьауэ зэрыщытам, абы Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIалажьэ щIэныгъэлI куэдым я кьару ехьэлIэн зэрыуейр.

Зэрытпъагъущи, зи гугъу тщIы Iэужьгъуэр джным мыхьэнэзыуэ иIэщ. Академик Арн. Чикобавэ зэритхымкIэ, «а Iэужьгъуэр щIэныгъэлI куэдым кьаIэт, къэрал куэдым щадж. Ар щыхьэт тохьуэ мы Iэужьгъуэр зи чэзууэ зэрыщытым».

Кавказ бгырыс лъэпкъхэм, псалъэм папщIэ, адыгэхэм, я пасэрей тхыдэм дызыщыкIыгъаза куэд хэлъщ, абы и гугъу щащIкIэ грек, рим тхакIуэхэм кьызэранэкIа псалъэ пычахуэхэм фIэкIыр мащIэщ. Грек сатуущIэхэр тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм кьесылIэн и пэ сыт я нэгу щIэкIа ди лъэпкъымрэ ди бзэмрэ - ар кьаэзэрыфIэIуэху щыIэкъым. НэгъуэщIхэм кьафIэмыIуэхуми, дэ кьытфIэIуэхужьи хуейт, ауэ абы хэхэзэзыр щIэныгъэлI нобэми диIэкъым.

Мелуаным щIигъурт

Ди тхыдэм и Iэужугъуэ нэхъ зэIумыбзэкъм ящыщ адыгэхэм я бжыгъэр XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм зэрыхъуу щытар. Ар куэду зэщхьэщыкIауэ къагъэлъагъуэ абы тетхыхьаэм.

КАВКАЗ зауэм щIидза нэужь, адыгэхэм (кьэзэрдейхэм, беслъэнейхэм, шапсыгъэхэм, абэзэхэхэм, нахтхуэджэхэм, бжьэдыгъуэхэм, кIэмыргуейхэм, жанейхэм, н.) я бжыгъэр зэрыхъым гулъытэ лей хуащIу щIадзащ. А Iуэхгр япэ зыублахэм ящыщщ урыс щIэныгъэлIхэр, ПасхъэщIэххэр, дипломатхэр. Абыхэм я нэхъыбэм кьызэралъытэмкIэ, а зэманым адыгэхэм я бжыгъэр мин 300-м кьыщыщIэдзауэ мин 500-м нэсу арт. Апхуэдэ бжыгъэ кьаГъэлъагъуэ (XVIII лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм тещIыхьауэ) урыс генерал Бларамберг (мин 500), барон Сталь (мин 307-рэ), урыс тIасхъэщIэх Торнау (мин 495-рэ). Адыгэ тхакIуэ, щIэныгъэлI Хъан-Джэрий кьызэрилъытэмкIэ, адыгэхэр 1836 гъэм мин 265-рэт зэрыхъур. Берже Адольф 1858 гъэм кьигъэлъэгуар мин 290-рэщ. Совет зэманым а Iуэхум тетхыхьа осетин щIэныгъэлI Гарданов Константин зэрилъытэмкIэ, XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм адыгэхэм я бжыгъэр мин 50-м щигъуу щытакъым.

Адыгэхэм я хабзэхэмрэ я псэукIэмрэ кууу щыгъуазэ зыхуэзыщIахэм ящыщщ поляк революционер цIэрыIуэ Лапинский Теофил (1826 - 1886). 1857 гъэм Шэрджэсым кьакIуэри, ар иофэсищкIэ яхэтащ адыгэхэм (шапсыгъэхэм, натхъуэджэхэм, абэзэхэхэм, н.). ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Лапинскэр щIэмыупщIэнкIэ Iэмал иКакъым адыгэхэм я бжыгъэм. 1863 гъэм Гамбург кьыщыдигъэкIа тхылъым («Кавказ бгырысхэмрэ я хутынытыгъэм папщIэ абыхэм урысхэм драгъэкIуэкIа бзэнэныгъэмрэ») зэрыщитхымкIэ, кIахэ адыгэхэм (кьэбэрдейхэмрэ бесылэнейхэмрэ хэмыту) я бжыгъэр Лапинскэм мин 900-м щIигъуу кьелытэ. АбыкIэ тегъэщIапIэхэри и мащIакъым. «Зауэм хэт шэрджэс лъэпкъхэм я бжыгъэр Iэгбелджылыгуэ зыми ищIэркъым, - етх абы. - Сэ кьызэрыслъытэмкIэ, ахэр мин 900-м щIегъу. Урыс тхылъ гуэрым сыщрихьэлIащ нэгъуэщI бжыгъэ - мин 290-рэ. Урыс тхылъхэм кьрахыжауэ, европей автор куэдми кьагъэлъагъуэ апхуэдэ бжыгъэ... Шэрджэсхэм кьезауэ урысыдзэр мин 200-м щIегъу, я хьдзэлIэр хэмыту. Иджыпэй Iэщэкlэ зэщIуэзэдауэ сэлэт мин 200 шэрджэсхэм кьариуутIыпщынтэкъым урыс пащтыхьым, абыхэм я хэкум цIыку мин 290-рэ фIэкIа имысатэмэ».

Лапинскэр, зэрыжьитIащи, Шэрджэсым кьыщыкIуар 1857 гъэщ - Кавказ зауэр и кIэм нэблэгъауэщ. Абы и пэкIэ, 1829 гъэм, адыгэхэм я деж тIасхъэщIэх кьэкIуауэ щытащ урысыдзэм и генштабым и лэжьакIуэ Новицкий Г. В. Абы а гъэм хэтащ зэрилъытамкIэ, адыгэхэр (кIахэ адыгэхэр, нэгъуэщIу жьпIэмэ, Псыжь адрыщI иг адыгэхэр) мин 263-рэ хъуэ арат. КъыкIэлъыкIуэ гъэми кьытригъэзащ Новицкэм тIасхъэщIэх Iэхум, а гъэм абы дэIэпыкъуащ шапсыгъ лIакъуэлIэш Абат Беслъэнейрэ Убыхрэ. Хъан-Джэрий зэритхыгъамкIэ, Абат Беслъэней щIэныгъэшхуэ зиIа цIыхуш. Абат зэшитIым кьыжрагIамрэ езым илъэгъуамрэ ятрищIыхьри, Новицкэм а гъэм шэрджэсхэр (кIахэ адыгэхэр) мелуанрэ мин 82-рэ хъуэу илъытауэ щытащ (унагъуэ 54110-рэ). Новицкэм зэритхамкIэ, адыгэ унагъуэм цIыку 20 нэхъ нэхъ мащIэ исакъым (абы щыхьэт тохьуэ а Iэхум иужькIэ тетхыхьа щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэри). Арщхьэкlэ мы бжыгъэм шэч кьытрахьэ мы Iэхур ди зэманым зыджа щIэныгъэлIхэм. Абыхэм ящыщ куэдым зэратхымкIэ, XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм адыгэ унагъуэхэм ахэр, ику иту кьапщтэмэ, цIыхуи 8-м фIэкIыркъым, Iэхум нэхъ хэзыщIыкI щIэныгъэлIхэм цIыку тIощIи, нэхъыбэ кьагъэлъагъуэми. Иужьрейхэм тегъэщIапIэ ящI а зэманым адыгэ унагъуэм щIэблэ зыбжанэ зэрисар, я тхьэмадэр псэухукIи унагъуэхэр зы пщIантIэ дэсу зэрыщытар, цIыку дапщэ хъуми. Адыгэхэр унагъуэкIэ зэджэр тхьэмадэ зыщхьэщыт пщIантIэрт. Новицкэм кIахэ адыгэхэр пщIантIэ (унагъуэкъым!) мин 54-рэ мэхъу щыжиIэкIэ, ар, дауи, щыуэрэтэкъым, щыуэу иужькIэ ягъэкъуэнщамкIэ. Новицкэм зи гугъу ищI пщIантIэ (езым зэритхымкIэ, «двор») къэс цIыку 20 зэрыдэсарщ абы кIахэ адыгэхэм я бжыгъэр мелуаным щIигъуу щыжиIэр.

Къэбэрдей адыгэхэм я бжыгъэм и Iэхукlэ ардыдэр жьпIэ хъунущ: куэдым яфIэфIакъым ахэр зэгуэр (псалъэм папщIэ, XVI - XVIII лIэщIыгъэхэм) куэд хъууэ щытауэ ятхыни жаIэни. Псалъэм папщIэ, Берже 1858 гъэм зэритхамкIэ, кьэбэрдейхэр мин 36-м зэрыщIигъу щыIакъым. Абы акъылэгъу дэхъу щIэныгъэлI щыIащ совет лъэхъэнэм. Абы и тегъэщIапIэри, и щхьэусыгъэри гурыIуэгъэхъым. Зы щапхъэ закъуэ кьэтхьынщ. Урысыдзэм и генштабым и офицер Бларамберг Иоганн 1834 гъэм итхыгъащ (еплъ абы и «Историческое, топографическое, статистическое, этнографическое и военное описание Кавказа» тхылъым) кьэбэрдейхэр унагъуэ мин 45-рэ хъууэ - ар 1804 гъэм. Къэбэрдейр лъыгъэжэ зауэмрэ емынэ уэ бзаджэмрэ пъэрыщIыкI ящIа нэужь, Бларамберг зэритхымкIэ, абы кьиныжэкар цIыху мин 30 хуэдизщ. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIи, XVIII лIэщIыгъэм Къэбэрдейм иса цIыху бжыгъэм щыщу XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу зауэмрэ емынэ узымрэ кьелар Iыхьэ пщIанэрщ, нэгъуэщIу жьпIэмэ, XVIII лIэщIыгъуэм къэбэрдейхэм я бжыгъэр мин 500 нэхърэ нэхъ мащIэ хъууэ щытакъым.

1793 гъэм Къэбэрдейм кьэкIуауэ щыта академик Паллас Пётр Симон зэритхамкIэ, зауэ кьащIэхъуэмэ, къэбэрдейхэм шу мин 20 ягъэшэсыгу щытащ. Къэбэрдейм и тхыдэм щыгъуазэм фIыуэ ещIэ шууэ зауэм Iухьэм я нэхъыбапIэр уэркъэхэм кьахэкIауэ зэрыщытар. Абы тепщIыхьмэ, кьэбэрдейхэр мелуан ныкIуэ нэхъ хърэ нэхъ мащIэ хъууэ щытатэмэ, уэрэкъ шу мин тIощI ягъэшэсыфынкIэ Iэмал иКакъым. Уэркъ шу кьэс, зэрыхабзэти, зауэлI зытхух щIагъурт, нэгъуэщIу жьпIэмэ, адыгэхэм зауэм Iуашэфырт, шуми пъэсми, цIыку минищэ.

Адыгэ унагъуэм цIыку 20-м нэхърэ мынэхъ мащIэ исауэ елъытэ профессор Дзэмыкъ Къасболэти. Абы зэритхымкIэ, адыгэ унагъуэм XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм цIыку 20-м къыщыщIэдзауэ цIыхуи 100-м нэс ису щытащ, абы и щхьэусыгъуэр зы пщIантIэм унагъуэ зыбжанэ зэрыдэсарщ. Абы икIи иткIэ, Къасболэт кьелытэ Къэбэрдейм XVIII лIэщIыгъуэм икуэм деж цIыку мин 450-м нэс исауэ. Апхуэдэу абы кьыхегъащ, кьэбэр-дей адыгэхэм зы жэщ-махуэм и кIуэцIкIэ щу мин 30 зэхуаусысфу зэрыщытар. Ар Къэбэрдейм и закъуэ!

ЩIэныгъэлI куэд щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, кIахэ адыгэхэм (иджы адыгейкIэ дызэджэ хъуахэм) я бжыгъэр зы мелуаным кьыщыздэтэну щытакъым. Псалъэм папщIэ, Дьячков-Тарасов Николай 1853 гъэм итхащ: «Фельдмаршал Паскевич и унафэкIэ зэхуаусха хъыбарэхэм ятерщIыкьымэ, бгырысхэм (адыгэхэм) я бжыгъэр зы мелуанрэ мин 700-м нэс, абыхэм зауэм Iуашэфынущ зауэлI мин 250-рэ». Псыжь къэзакъэм я тхыдэр зыджа Щербинэ Ф. А. уеблэмэ фIэмащIэщ Новицкэм кьигъэлъагъуэ бжыгъэр - 1082200-р. Абы нэхърэ нэхъыбащ шэрджэсхэр (кIахэ адыгэхэр), итхыгъащ Щербинэ.

Адыгэхэр зы мелуаным куэдкIэ щIигъуу зэрыщытам щыхьэт тохьуэ Кавказ зауэм и ужькIэ хэкур зыбгынауэ щыта цIыку бжыгъэри. Абхъаз щIэныгъэлI цIэрыIуэ Дзидзарие Георгий зэрилъытэмкIэ, Тыркум Iэпхъуэуэ щытащ бгырыс мин 900-м нэс (Кавказ зауэм и ужькIэ хэкум кьинэжар цIыху мини 100-м щIигъужьыртэкъым).

Напэкlуэцlым ит тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.**

Нэхъыжьым жиIэм уемыдаIуэмэ...

● Хъыбар

Зэхуэпэжрэ зэхуэгуапэу зэныбжьэгъуитI псэурт. Ахэр щIэх-щIэхыкIуэрэ зэкIэлъыкIуэрт, зэрыщIэрт. Зэманыр кIуэурэ зэныбжьэгъуитIым я зыр дунейм ехьажащ. Абы и ужьхIэ илъэс дэкIауэ лIам и къуэр и адэм иныбжьэгъур илъагъуну хьэщIапIэ кIуащ. Лым и ныбжьэгъум и къуэр иригъэблагъэри игъэхьэщIащ. Абыхэм яку дэлъа зэныбжьэгъугъэ быдэм и гугъу хуищIыжащ, я хъыбархэм ящыщи хуиIуэтэжу зэбгъэдэсащ.

Бысымым я гунэгъум хьэгъуэлIыгъуэ иIэти, лIыкIуэ къыхуагъакIуэ, лIыр зэщIэхэм хагъэсыну ираджэу. Езым хьэщIэ зэрилэр щхьэусыгъуэ щищIым, ари здишэу хьэгъуэлIыгъуэм хигъэтыну кьелъэIуащ. Апхуэдэу щыхъум, лIым щIалэщIэр игъэтIысри иущиящ:

- ДыздэкIуэм «хьэщIэ щIалэ щыIэкъым», жиIэнурэ жьантIэм удагъэтIысхьэнущи, хэт кьыщIыхьэми уздагъэтIысу щэнтыр умыхъуэж. Ефэ-ешхэм и кIэхым деж щхьэ щIэлъэныкъуэр кьытрагъэувэнущ. Абы сэ и гъусэу кхъах хабзэщ, ауэ ар щыбгъуэрымылъи кхъухури: «Хэт сэ иныгъ?» - жиIэу щIэупщIэмэ, уи сэр кьипхыу зыми иумыт.

ЩIалэщIэр а псоми гупсэхуу едэIуа щхьэкIэ, зыри игъэззэщIакъым. Зыгуэр кьыщIыхьэху кьыщыпльэтрэ игъэтIысуэр жыхафэгум къэсат щIалэр. Iэнэр и кIэм щынэсыми щхьэ щIэлъэныкъуэм сэ бгъурымыIуу кхъах, щхьэр зыкъутэну зыхуагъэфэщам: «Хэт сэ иныгъ?», - жиIэу зэрыщIэупщIэу, щIалэм и сэ гъэщIэрэщIэр кърехри, ирет. Щхьэр зыкъутэр сэм ехьуэпсати: «Мыр ахъшэ сомищ и гъусэу сфIадыгъуаеу щытащ. Сыту фIыуэ укъыслIэрыхьэжа иджы», - жиIэри щIалэм зыкъридзащ. ХьэщIэр зейр япоуври, абы лей кьыдзэрытримигъэхьэнур яжреIэ.

- Ар уи унэ пшэжмэ, суд тетщIэху бгъэIуащынущ, - жаIэри къратыжьын ядэркъым.

Зы псальи жримыIэну кьигъэгугъэри и хьэщIэр и унэ кьеошэж. Ар зы пэшым щIегъэтIысхьэ. Щхьэгъубжэ зыхэлъ блыныр я зэхуакуу, езыр нэгъэзыщI пэшым щIотIысхьэж. Блыным и щхьэгъубжэмкIэ гIлъэмэ, щIалэм елъагъу: «Ныбжьэ зыIэ си пIы?, зэхэщIыкI си хьэщIэ, - жиIэурэ лIым и пIыIэр игъэтIылIауэ мэпсалъэ. - А сэр зейуэ жызыIа лIыр сэри куэд щIауэ къэсслъхьуэрт. Ныбжьэ зыIэ си пIы?, си хьэщIэ, а сэр зейр си адэр зыIэщIэукIаращ. Жэщ гуэрым си адэм зыгуэр кьеджэри щIишащ. Ар къыщIэмыхьэжурэ нэху щащ. СыдэкIрэ сыплъэмэ, си адэм и гущхьэм мы сэр хэлъу къзэгъэтIэжащ. Абы лъандэрэ мы сэр згъэлIагъэу къызэдзэхьэкI, иджы сэр зейр къззгъэутащ. Си адэр зыIэщIэкIуэдам хуэфащэ унафэ зыхуэщIынур хьэжмыращ».

Нэху мэщри, ахэр хьэкумым макIуэ я Iуэхур зэхагъэкIыну. ХьэкумыщIэр щIалэм кьебзэджэкIыну мурад зыщIа лIым йоупщI:

- Мы сэр ууей хьэмэрэ дыкъэбгъапцIэрэ?

- А сэр сызэрейр шэч къызытумыхьэжынщ,- жи мыдрейми зигъэщIагъуэу.

ЩIалэм сэр кьыздрихамкIэ щеупщIым, и адэм и ныбжьэгъум «пIым хуиIэта хъыбарыр» жиIэжащ.

- АтIэ, а сэр ущейкIэ, щIалэм и адэр зыуKIари уэращ, - жиIэщ хьэкумыщIэм, пIы зыупса лIым тезыр трилъхащ.

Апхуэдэу и адэм и ныбжьэгъум и фIыгъэкIэ хейуэ суд пащхьэ кьикIыжащ щIалэ хьэщIэр.

БЕСЧОКЪУЭ Далым.
Хьэтуей къуажэ.

Кфар-Камэ и бжэхэр зэIуех

● ХъыбарегъащIэ

Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым хэтащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблымрэ (КъБР) «Исрылэмей» ансамблым и уэрэджыIакIуэ гупымрэ (АР). Израилым и Правительствэр къадэIпыкъуу адыгэ къуажэ хасэм и тхьэмадзэхэм къызэрагъэпэщ мыпхуэдэ дунейпсо пшыхьэр Iэмал хъарзынэщ хамэщIым щыпсэу хэхэс адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэр яхъумэныкIэ, анэдэлъхубзэр яIурылъныимкIэ, хабзэр зэрахьэнымкIэ. Апхуэдэуи а зэхьихьэшхэм и фIыгъэкIэ зэхуоэз, зэроцIыху дуней псом щикъуэва адыгэхэм я лIыкIуэхэр.

Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым 2017 гъэм ирагъэблагъахэм Израилым и Iэпэ нэхъ дахэхэм зыщрагъэплъыхьынущ, динищым я кьалащхьэу кьалъытэ Иерусалим я нэгу зыщрагъэуужьынущ.

● ЖыIэгъуэхэр

Къамэ зыгъэдалъэ нэхърэ - акъыл зыбгъэдэлъ

♦КIапсэ зэпычар гуанэ имыIэу пхуэзэпыщIэжынукъым.
♦Зи блэкIар къизымыдзэм и къэкIуэнури щIагъуэкъым.
♦Жеймрэ фадэмрэ уапэщIэмыувэ, абыхэм япэлъэщ щыIэкъым.
♦Благъэжьым и пащхьэм благъэщIэр щумыгъэпIий.
♦И чэзум умыщIа Iуэхур къыдэхыжьыгъуейщ.
♦Гуащэр тIысауэ игуэшырт дыгъэр: и пхъум бжьыхьэ дыгъэр хуигъазэрт, и нысэм гъатхэ дыгъэр хуигъэфащэрт.
♦Унагъуэм щумыгъэса сабийр уэрамым щыбгуащину уэмыт.
♦ЦIыхум и дуней тетыкIэр зэлъытар бгъэдэлъ гъэсэныгъэрщ.
♦Иджырей зэманым пIэщIэкIам хуэдизщ къыпIэщIалъхьэжынур.
♦Хъарбызым и теплъэмкIэ къыпхуэщIэнукъым и кур зыхуэдэр.
♦Уи быныр къодыгъуэжмэ, хэт и деж тхьэусыхакIуэ укIуэн?
♦Гужьеяр губжьам нэхърэ нэхъ Iеижщ.
♦Къэзыщэхум фIэлъапIэщи, зыщэм фIэпудщ.
♦ГъащIэм и IэфIагъым хуэдизи и дыджагъщ.
♦Мывэ хъурейр уи япэкIэ бгъэжьын хуей хьумэ, нэхъ цыкIуу къыхэх, ущIегъуэжьынкъым.
♦Къамэ зыгъэдалъэ нэхърэ - акъыл зыбгъэдэлъ.
♦Мыхъуапсэу псэу щыIэкъым.
♦Фо зиIэр нэгъэущI IэфI мэлъыхьуэ.
♦ЗэгурыIуэ здэщымыIэм сыт хуэдэ Iуэхури щыхьэлъэщ.
♦ПситI зэхэлъэдар зэхэзыхьыжьфын щыIэкъым.

КIУРАШЫН Алий.

● Зы уэрэдым и хъыбар

«Дакъикъэ ныкъуэ»

ТхакIуэ Джэдгъэф Борисрэ композитор ЖьакIэмыхьу Жансурэтрэ уэрэд зыбжанэ зэдзатащ цIыхубэм ягу дыхьауэ, дзапэ уэрэд хъуауэ. Абыхэм ящыщ зыщ мы уэрэдри.

Уэрэдым макъамэ хуэзытха ЖьакIэмыхьу Жансурэт и гъащIэ псор щхуэузыхь хуищIауэ жыпIэ хъунущ щIэблэр гъэсэным. Сабийхэр фIым, дахагъэм хуиущиймэ и гуапэу, къэфэным, уэрэд жьIэным хуигъасэу кьекIуэкIащ. Нарткъалэ Щэнхабзэмкlэ и унэм щылэжьащ ар псэухукIэ. Жансурэт и гъэсэнхэм ящыщ куэдым гъащIэм увыпIэ дахэ щаубыдащ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр зэдзатащ цIыхубэм ягу дыхьауэ, дзапэ уэрэд хъуауэ. Абыхэм ящыщ зыщ мы уэрэдри.

Уэрэдым макъамэ хуэзытха ЖьакIэмыхьу Жансурэт и гъащIэ псор щхуэузыхь хуищIауэ жыпIэ хъунущ щIэблэр гъэсэным. Сабийхэр фIым, дахагъэм хуиущиймэ и гуапэу, къэфэным, уэрэд жьIэным хуигъасэу кьекIуэкIащ. Нарткъалэ Щэнхабзэмкlэ и унэм щылэжьащ ар псэухукIэ. Жансурэт и гъэсэнхэм ящыщ куэдым гъащIэм увыпIэ дахэ щаубыдащ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр зэдзатащ цIыхубэм ягу дыхьауэ, дзапэ уэрэд хъуауэ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр филармонием и уэрэджыIакIуэхэу Зэшэкlуу Роэз, Къул ФатIимэ сымэ, нэгъэущIэхэр. Жансурэт и макъамэ щIэлъу уэрэдищэм щIигъу хэлъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиом и гъэтIылъыгъэм.

Уэрэдым и псалъэхэр зытха Джэдгъэф Борис мыр къыжиIащ абы теухуауэ:

- Уи щIалэгъуэм куэд болъагъу, куэдми уахуоэз, зэхэпхри нэхъыбэжщ. Мис ахэр уи щхьэм къыхьэжурэ псэхупIэ къуамыту щыхъум и деж, уотIысри тхьилъмпIэм тыботхэ. Мы уэрэдри апхуэдэу зэхуэ щытащ. ЖьакIэмыхьу Жансурэт абы дапщащ гу лъитами сщIэрэкъым, ауэ жысIэну сыхуейщ макъамэ дахэ зэрыщIилъхьар.

Илъэс 40-м нэблэгъащ уэрэдыр кьызэрыунэхури, иджыри ящыгъупщащкъым. Ар цIыхубэм я гум дыхьэу Къул ФатIимэ егъэзащIэ.

КIУНТIЫЩ - ХЬЭПЦIЭ Аннэ.



Зэ умыпIащIэ, зэ умыпIащIэ,
Дакъикъэ ныкъуэ умыпIэщIэж,
Дыгъэ нэбзийуэ къэлыд уи гущIэм,
Дакъикъэ ныкъуэ сынигъэплъэж.

Ежьу: **Дакъикъэ ныкъуэ,**
Дакъикъэ ныкъуэ,
Дакъикъэ ныкъуэ умыпIэщIэж,

Дакъикъэ ныкъуэ,
Си насып закъуэ,
Епхьажьу си гур уэ уемыжьэж.

Зэ умыпIащIэ, зэ умыпIащIэ,
Дакъикъэ ныкъуэ умыпIэщIэж.
Уэ уи насыпыр сэрам умыщIэ,
Зэ си гум жиIэм
къысхуедэIуэж.

Ежьу.

Зэ умыпIащIэ, зэ умыпIащIэ,
Дакъикъэ ныкъуэ умыпIэщIэж.
Зэ и насыпым цIыхур
ебакъуэм,
И гъащIэ псокIэ ар хущIогъуэж.

Ежьу.

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*: 3.** Ику иту тонн 70 - 80 хуэдэ кьзэзышэч псэущхьэ. **7.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ... хиса жыгыр мэгъу. **8.** Хэтхэ я унэ ... тес? **9.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ фызыжь хьилэшы. **10.** Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу - мэзхэм, губгъуэхэм кьыщыкI жыгхэм къапокIэ. **11.** Адыгэ уэрэд дахэ куэдым макъамэ хуэзытха, пшыныэ Iэзэу щыта ... Артур. **13.** Щхьэл мывэхэр зэкIэрэхъуэкI. **15.** Къуажэдэс унагъуэ куэдым я ерыскъыпхъэ, гъавэ гъэтIылъыпIэ. **17.** Зи дзэр мыжан сэ. **19.** Ди ... щIалэм и кIэн хьикIащ: еджапIэ ищхьэ щIэтIысхьащ. **22.** ... цIыкIу бжьакъуэшхуэ. **25.** Чыцэм кьыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ хьурей цIыкIу, фIыщIафэ-къащхъуафэрэ ткIыбжьу. **26.** Цым, цым, ... пъэбыцэжь. **27.** Зиусхьэн пхъпкъ. **30.** ЦIыхухэм кьыздрахьэкI (цIыхубэ псоми) хьэпшып цIыкIу. **31.** Ди адыгэ куэдым кIыцIэ зыщэрахьащ лIэщIыгъуэ кIуам и кIэхэм екIуэкIа куржы-... зауэм. **32.** Кьэнжал хьэку цIыкIу. **35.** Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **36.** Егъэлеяуэ ерыщ. **37.** ... хуэмыфI хьэдрыхэ кIуэркъым. **39.** А къэкIыгъэм кIапсэ хьэкащIыкI. **40.** Къыздалъхуауэ цIыхум и щIыфэм хэс, хэт. **41.** Дин Iэзэкlэ Сауд Хьэрып къэралыгъуэм кIуэуэ къэзыгъэзэжа. **42.** ... дыгъэл. Е Iэщым я шхын. **44.** Узижагъуэм и нэм ... ущIоуэ. **46.** Члисэхэм фIэлъ уэзджьнэшхуэ. **49.** Зил кьыпщIэмыуэзым уи ... хуымыIуатэ. **50.** ХамэщI зи псэр щIызыта зауэлIым и кхъащхьэм тракIутащ адэжь щIынальэм ираха ... IэмыщIэ. **51.** Хадэ, Iуэ ихьэпIэхэм халъхьэ бжэ, чы-бжэгъум къыхэщIыкIа-уэ. **52.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхаКIуэ. **53.** Инджылызым и премьер-министр.

***Къехьу*: 1.** Ар къамэ Iэпщэм халъхьэ, ирагъэщIэрадзэу. **2.** Бахьсэн районым щыщ къуажэ. **3.** ЩIымахуэ щыгъын. **4.** Къуэкlыпl ГъунэгъумкIэ щыIэ мусылъымэн къэрал къулейсыз. **5.** Уи хьэм ... къиубыда? **6.** Нэхъапэм щIэпхъаджагъэ зылэжьхэр адыгэм а мащэ куум ирадзэрт. **12.** ЕгъэджакIуэр щIокIие еджакIуэм: «ЖьакIэ ... уемыщIу, жысIэм едалуэ». **14.** Шыуанышхуэ. **16.** Пъосэтэн Владимир и уэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щыта. **18.** ...-гурыщIэ. **20.** Налшык дэт хьэщIэщ лъагэшхуэ. **21.** Унащхьэ блыным кьыпыт натIэ. **23.** ... зэрымытым Iэтэ ирегъэувэ. **24.** Совет Союзми, нэгъэущI къэрал куэдми кьыщацIыхуу щыта физик цIэрыIуэ, ди лъэпкъэгъу. **28.** Пхъэ сахуэ. **29.** Ахъшэ жьгъей. **33.** Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткъ Сибэч ... **34.** Джылахъстэнейм щыпсэуа нартыхугъэкI цIэрыIуэ, Социалист Лжэныгъэм и ПIыхьжь. **38.** Лондон щекIуэкIа Олимп зэхьэзэхуэжэм жэз медаль къыщызыхьа адыгэ бэнакIуэ. **39.** Хьэхуэ-... жысIэми, си унэ ныкъуэщIыр и кIэм нэгъэсысжащ. **42.** «УкъыздэкIуэну псалъэ зэрыптрэ цIыкIу ... кIуэри ди щIыгум къигъэзэжащ» - Джэдгъэф Хьусен и псалъэхэр зыщIалъэ. Уэгэр Анатолэ игъэзащIэу щыта уэрэд цIэрыIуэм зыщIащ. **43.** Пхъэ къутахуэ жьгъей, пхъэ упсахуэ. **44.** ... и пIэ ... къокIэж. **45.** Нарт фызыжь Уэрсэрыжь и фIыгъэкIэ Лъэпщ къигупсыса Iэмэпсымэ. **47.** Зи кIапэ лъэныкъуэр упIэщIа гъущI, пхъэ иризэгуауду. **48.** Автомашинэм, тракторым, лъакъуэрыгъажэм я зы Iыхьэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Мэкъуауэгъуэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*: 5.** КIэрашэ. **6.** Мэкъумэш. **8.** Къымыкъу. **9.** Медан. **11.** Ленэ. **12.** КIакIэ. **14.** Амыщ. **18.** Дерс. **19.** Нэмзэ. **20.** КIэпхъ. **23.** Джэдыкlэжьапхъэ. **26.** Хьэлу. **28.** Бжьэхуц. **30.** Танэ. **31.** Гъуазэ. **32.** Имыс. **34.** Оман. **36.** Шырыкъу. **38.** ХьэпIи. **39.** Сэдэкъэ. **40.** Шыцуэс.

***Къехьу:* 1.** Къурыкъу. **2.** Пшэм. **3.** Пэгун. **4.** Iумыл. **5.** КIэмыргуей. **7.** Шыныбэпх. **10.** Ду. **12.** КIэс. **13.** КIэн. **15.** Мэз. **16.** ЩэкI. **17.** ХъумпIэцIэдж. **21.** Гъудэ. **22.** Ялэ. **24.** Уэзырмэс. **25.** АнэнэпIэс. **27.** Уэгъу. **28.** Без. **29.** Цым. **30.** Тас. **33.** Хур. **35.** Надэ. **36.** Шакъэ. **37.** Къуныжь. **38.** ХьэукI.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьакIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылаесэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, ХьэжыкъарэАлик, Щхьэщэмыщ Изэ.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредитель).

КъыдэзыгъэкIэжьэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; суэтэхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуэу зэныту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапl эм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахащ жэуап зыхь секретарым и къэдзэ **ДышэкI Сонэ,** *редактору* **Багъатыр Iуиэр,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(3, 4, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2, 5-нэ нап.),* *корректорхэм я дэIныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Нэр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *суэтэхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номыр «АдыгэIэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.429 ● Заказ №830